№22 (19906) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

# ХІакъикъат

МагІарулазул республикаялъулаб газета

14 июнь 2024 с. рузман

## ГІид




*Гьале тІаде щолеб буго Къурбан къо. ЗулхІижалъул тІоцебесеб анцІго къоялда жаниб гІибадат-гІамал лъикІлъизабизе кколин абулел хІадисазда рекъон, Дагъистаналъул бусурбабаз хІаракат бахъула гьел къояз кІалал кквезе, садакъа гьабизе.*

## Хъизамалъул лъагІел

# Лали ХІайдаровалъул «Бахубика»

### ЧІужугІаданалъе сайгъат гьабула





*Амина Адамовалъул сурател*

**ИчІабилеб июналда Хунзахъ росулъ, гІагараб ракь лъазабиялъул музеялда, тІобитІана Дагъистаналъул миллияб парталалъул мода, цебелъей. «Бахубика» абун цІар лъураб гьеб коллекциялъул автор ккола Лали ХІайдарова. МагІарул районалда тІоцебесеб нухалда тІобитІараб гьеб тадбир сайгъат гьабун букІана чІужугІаданалъе, Хъизамалъул лъагІалил хІурматалда.**

*(Хадусеб 7-аб. гьумералда)*

## Редакциялъул гьалбал

### Ополченцазулги туризмалъулги хІакъалъулъ накъит



3 гьум. >>>

## ГІажаибаб къисмат

### Гьонодаса бесдалав



8-9 гьурм. >>>

## Росдал магІишат

### ХІажат вуго «Земский чабан»



12 гьум. >>>

# Россиялъул къо

**1990 соналъул 12 июналда букIараб РСФСРалъул халкъиял депутатазул тIоцебесеб съездалъ тасдикъ гьабураб Декларациялъ Россия, пачалихъ хIисабалда, жибго жиндаго чIараблъун лъазабуна. Гьеб хIужа хIакъикъаталдаги ккана СССР биххиялъул байбихьилъун.**

**1991 соналъул 12 июналда Россиялда тIоритIана гьелъул тIоцевесев президентасда цIар чIвалел рищиялги. Гьенив бергьаравлъун рикIкIана РСФСРалъул Верховный Советалъул председательлъун вукIарав Борис Ельцин.**

1998 соналъул 12 июналда халкъалде гьабураб хитIабалда Борис Ельциница абуна гьеб къоялда «Россиялъул Къо» абун цIар тезе бугилан. Гьелдасан байбихьун 12 июнь лъазабун буго пачалихъияб байрамлъун.

Узухъда, Союз цIунизе кIун букIарабани, жакъа политикияб, экономикияб, социалияб рахъалъ нилъер къуватал рукIинаан жеги гучал. Амма улкаялъул тарихалъ гьединаб хIукму къотIана.

Гьедин бугониги, жакъа, Украинаялда хасаб рагъулаб операция унеб, тIолабго БакътIерхъул улкаби нилъеде дандечIараб заман бачIаниги, Россия ккола гIемермиллатазул щулияб, къуватаб ВатIан.

Жакъа нилъ разияб хIужа буго доб заманалда Советияб Союз биххиялде данде вукIарав, Россиялъул цолъи цIунун Федеративияб къотIи хIадур гьабиялъулъ жигараб гIахьаллъи гьабурав Рамазан ГIабдулатIипов нилъер ватIанцояв вукIинги.

Дагъистаналъул къисматги Россиялъул гIумруялда щулаго бухьараб букIинги щивав дагъистаниясе балъгояб жо гуро.

2013 соналъул 12 октябралда республикаялда кIодо гьабуна Россиялъул пачалихъалде гьорлъе Дагъистан араздаса 200 сон тIубаялъул къо. 1813 соналъул гьеб къоялъ Россиялда ва Ираналда гьоркьоб гьабураб Гюлистаналъулаб ракълилаб къотIи-къаялда гьоркь гъулбасал гьаруна ва Дагъистан Россиялде гьоркьобе бачана.

2021 соналда нилъер республикаялда кIодо гьабуна ункъо орден жиндир байрахъалда бараб Дагъистаналъул Советияб Социалистияб Республика гIуцIаралдаса 100 сон тIубаялъул байрамги. Гьеб заманалда Дагъисталда рана анцI-анцI заводал, фабрикал, электростанциял, аза-азар школал, тIадегIанал ва гьоркьохъел цIалул ва сахлъи цIуниялъул идараби, километрал нухазул, газ-нарт бачунел турбабазул мухъал, библиотекал, клубал, музеял. Гьеб кинабго ккола нилъер цадахъаб цолъиялъул хIасил.

Россиягун цадахъ ругел кIинусгоялдаса цIикIкIун соназ цебетIуна нилъер халкъазул гIелму, борхана гIумру гьабиялъул даража.

Дагъистаналда гIуна аза-азар гIалимзаби, рахъана академикал ва Россиялъул пачалихъалде рокьи гьуинлъи бугел гIемерал гIелал. Жакъа нилъер руго Совет Союзалъул 75 БахIарчи, 111 Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи, 49 Россиялъул БахIарчи, 9 Ленинил премиялъул, 14 - Сталинил, 27 - СССРалъул пачалихъияб премиялъул ва 20 - Россиялъул хIукуматалъул премиялъул лауреатал.

Нилъеда бичIчIула гIицIго гьединаб демократияб улкаялда гурони рес букIинчIеблъи жидерго гIакълу-лъаялдалъун ва бахIарчилъиялдалъун кIудияб Россиялъе кумек гьабизе бажарулел гьитIинал миллатазул Къоркъмасов Жалалудин, Даниялов ГIабдурахIман, Амаев ГIамир, ХIасанов Генрих, ХIамзатов Расул, Капланов Мурад, ГIаливердиев ГIаливерди, Танкаев МухIамад, Воробьев Михаил гIадал махщел ва гьунар бугел вакилзаби рижизе. Гьездаса чIухIула тIолабго Россия.

Дунялалдаго ахIвал-хIал хIалуцараб гьаб заманалда нилъеда бихьулеб буго кигIан гIемераб хIалтIи гьабизе кколеб бугеб Россиялъул Президентас ракълилаб нухккун церехун иналъе ва гIумру гьабиялъул даража лъикIлъизабиялъе. Россиялъул цо бутIа хIисабалда нилъецаги гьеб ишалъулъ жигараб гIахьаллъи гьаби – гьеб ккола нилъерги кIвар цIикIкIараб борчлъун. Гьелдаго цадахъ Дагъистаналъул халкъазда гьоркьоб гьунки букIинабиги ккола нилъер аслияб масъалабазул цояб.

***З. ИЛЬЯСОВ***

# Футбол – авар мацIалда

Ахирал соназда гIолилазда гьоркьор батIи-батIиял тадбирал тIоритIулел руго республикаялда. Гьезда гьоркьоб аслияб бакI ккола спортивияб тайпаялъул тадбираз.

Нилъер республикаялда бищунго гIолилазе рекIее гIолеб спорталъул тайпа футбол бугин абуни, мекъи ккеларо. Футбол хIаялъул рахъалъ турниралги тIоритIула районазул, шагьаразул ва хIатта республикаялъул даражаялда. Масала, гьале дагьаб цебегIан байбихьи лъуна магIарул росабазда, районазда, шагьаразда гьоркьосеб футбол хIаялъул рахъалъ турниралъ. Гьелъул гIуцIарухъан СагIид ГIабдулаевас «ХIакъикъаталъе» бицана гьеб унеб бугеб куцалъул.

- Турниралда гIахьаллъи гьабизе гIарза бачIана 16 къокъаялъ. Гьелги ккола: ГIобода, Шагьада, КIуяда, СугIралъ, КъулецIма, ЦIияб ЦIумилухъ, ГIаймаки, ГIалахъ, Муни, ЧIарада, Рихьуни, Гьарадерихъ, Аргъвани, Гумбет росабазул ва ЦIумада районалдаса кIиго къокъа. ГIицIго магIарулаз гурони турниралда гIахьаллъи гьабизеги бегьуларо.

Турниралда гIахьаллъи гьабизе бокьун букIана ЦIоралъул магIарулазеги - Закаталаялда, Белоканалда, Гуржиялда (Къварели) ругел ракьцоязе. Амма батIи-батIиял гIиллабазда бан, гьезул рес ккечIо гIахьаллъизе, - ян бицана С. ГIабдулаевас.

**- СагIид, турнир тIобитIиялъе квербакъи лъица нужее гьабулеб?**

- Аслияб куцалда «Авар политикаялъул къокъа» жамгIияб гIуцIиялъ, футболалъул атрибутикаялъул рахъалъ нижее кумек щола «Футболки в России» абураб цолъиялдаса.




**- Гьеб турниралъул кинаб букIаниги цIилъи, хаслъи бугищ?**

- Нижеца щибаб хIай унеб куцалъул онлайн-трансляциялда магIарул мацIалда бицуна. Гьелъул гIолилазе цIакъ интерес ккана.

Дун дагьаб мехалъ гIумру гьабун вукIана Турциялда. Гьенив вукIаго, дида лъана гьенир гIезегIан нилъер ракьцоялги рукIин. Гьезул чангиязда лъалеб гьечIоан рахьдал мацI, къалбал. ТIадвуссун хадуб, батIи-батIиял росабалъе щведал, рекIее захIмалъана чвархъиялда гIурус мацI бицунел умумулги гьезул лъималги рихьи. Гьелдаса нахъе дица гIемер пикру гьабулаан нилъер миллаталда церечIарал масъалабазул, дандчIвалел гIунгутIабазул.

Гьеб мехалда бичIчIана дида гьел гIунгутIаби, диваналдаги регун, тIуразарулареблъи ва пикру ккана миллаталъе бажарараб хIалтIи гьабизе. Нилъер гIолилал цолъиялъул ва рахьдал мацIги тарихги цебетIезабиялъул мурадалда гьадинаб тайпаялъул тадбирал хадуркунги тIоритIизе ракIалда буго.

***МухIамад МАНАПОВ***

# Шурагьибе щвараб риххел

**Буйнакскиялда, гьекъолеб лъим сабаблъун, чехь-бакь унтун больницаялде ккун вуго гIемерав чи. Нижехъе щварал баяназда рекъон, больницаялдаса къватIиве виччан вуго 45 чи. ГьабсагIат гьенив вуго 89 чи. Гьезда гьоркьоса 70-ял ккола лъимал. Унтаразул гIаммаб къадар бахана 175 чиясде.**

Шагьаралда бугеб ахIвал-хIалги хIисабалде босун, 8 июналда Буйнакскиялда гIуцIана оперативияб штаб. Гьелъие нухмалъи гьабуна шагьаралъул мэр Исламудин Нургьудаевас.



10 июналда Буйнакскиялде ячIана республикаялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляеваги.

11 июналда Буйнакскиялде щвана РФялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъул бетIерав инфекционист Владимир Чулановги СКФОялъул бетIерай инфекционист Марина Ивановаги. Гьел щвана больницаялда регун ругезухъе, гьабуна гьезулгун гара-чIвари. Гьенисан ана шагьаралъул администрациялде. Гьениб тIобитIана данделъиги.

Амма аслияб суал, сундалъун гIадамазде риххел щварабали жеги мухIканго чIезабичIо. Щиб кканиги букIине, цIуна-къаялъул мурадалда, гIемертIалаял минабазул азбарахъе щун, администрациялъул вакилзабаз, санитаразгун инфекционистаз гIадамазда бичIчIизабуна краналъуса чвахулеб лъим гьекъечIого тани лъикIаб букIинин абун.

Унтаразул къадар цIикIкIинчIого букIиналъул мурадалда, шагьаралде къалал цIун бачIараб лъим бикьана гIадамазе.

Къокъго абуни, гьединаб хIал буго гьабсагIат шагьаралда.

Буйнакск шагьаралъул администрациялъул пресс-хъулухъалъул нухмалъулей Сабина Исрапиловалъ бицухъе, инфекциялъул аслияб тIадецуй гIодоб цвизабизе кIвана. Больницабахъ регун ругезул къадарги тIаде цIикIкIинчIо.

Буйнакскиялда гьекъолеб лъим чIезабизе гьединго кIудияб хIалтIи гьабуна «Инсан» ва БацIцIадаб ракI» абурал рахIму-цIобалъулал фондаз ва гьединго цогидалги предприятиялъ.

Республикаялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ тIадеги вакцинаби росулел руго Буйнакскиялда гIумру гьабун ругезе дизентериялъе профилактика гьабизе.

- ГьабсагIат буго 4000 вакцина, гьезда гьоркьоса 2000 буго Буйнакскиялда. ТIадеги вакцина босизе хIажалъи ккараб хIалги буго. Щайгурелъул, гьабсагIатги шагьаралда дизентерия ва ротавирус абурал инфекциялъулал унтаби тIиритIиялда хIинкъи бугелъулха, - ян абуна ДРялъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Беляевалъ.

Хабарал лъикIал рагIаги!

***Ашахан ЮСУПОВ***

## РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ГЬАЛБАЛ

# Ополченцазулги туризмалъулги хIакъалъулъ накъит

**Почалдасан ритIуЛел кагъталги мукъсанлъараб, урхъаниги гIадамалги цоцада рихьулареб заманин кканиги, камуларо редакциялде рачIунел чагIи. Гьедин, гьаб нухалда нижехъ гьоболлъухъ вукIана Авар автономиялъул нухмалъулев Айтемир Сатираев. Гьоболин абизеги, нижерго рокьоса гIадав чи вуго гьев, къваригIараб мехалда хьолбохъ вахъунги чIолев.**

Гьебго къоялъ ракIалдаго гьечIого «ХIакъикъаталде» ячIун йикIана бищун хIинкъарал соназда республикаялъул МВДялдаги хIалтIарай, хадуй Дагъистаналъул хIукуматалда шапакъатал кьолеб отделалъул нухмалъиялдаги йикIарай Раисат ХIайбулаеваги. Эмен Унсоколоса, эбел гIурусай йиго гьелъул. Чвахунго-чвахун ансадерил къагIидаялда гьелъ бищунеб магIарул мацIалда бахиллъун нижги рукIана. Айтемир Сатираевги гьейги цадахъ хIалтIун ругоан МВДялда.



Раисат ХIайбулаева ва Айтемир Сатираев

Авар автономиялъул нухмалъулевлъун ккелалде, Сатираев вукIана Халкъияб Собраниялъул депутатлъунги, хIалтIана МВДялдаги, вукIана 1999 соналда халкъазда гьоркьосел хъачагъазда данде рахъарал ополченцазул гурулъги, гIахьаллъана 2008 соналда Цхинвалалда рагъулъигицин. Ополченцазул цIар бахъидал, Раисатица тIаде жубана намусав чи вукIиналъ, Айтемирица бицунарила эб, амма Москваялде щвезегIангицин судаздеги хъвадарун, гьес кутакалда хIаракат бахъанила, хасаб статусги кьун, ополченцал рагъул ветераназда ращалъизаризе.

Гьединго Сатираевас бицана РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул тIадкъаялда рекъон ополченцазул суал гьоркьоб лъураб кIудияб данделъи тIобитIизе букIиналъулги. Дагъистан Россиялдаса батIатIунгутIиялъе 1999 соналда ополченцаз лъураб бутIаялъул бицине буго гьениб.

Гьединго республикаялда туризм цебетIезабизе тIоцебе квербакъаразда гьоркьовги Айтемир Сатираев вукIанин абуни, мекъи ккеларо. ГIемерисезда лъала кIиабилеб Швейцарияйин абулеб Казбек районалъул Алмахъалда бугеб ритIучIазул ферма. Чанго соналъ цебего Сатираевасул анищал рукIана, Турциялдаса вакилзабиги гIахьал гьарун, гьениб цо кIудияб туркомплекс гIуцIизе. Гьелъие хIадурарал документалги руго. Владимир Васильевги Артём Здуновги Дагъистаналъул нухмалъиялда ругеб мехалдаго букIана гьелда сверухъ хIалтIи цебехун унеб. Хадув Сергей Меликов нухмалъиялде вачIун байбихьудаго Сатираевасул турбазаялда тIобитIун букIана туризмалда тIасан кIудияб данделъиги. Амма гьелдалъун чIун хутIана гьениб гьабулеб хIалтIи. Щиб-кинан цIехедал, Айтемирица бицана жиндие цоги бицун, тIубан батIияб хабар бицунел, тIалъиялде кагътал хъвалел рукIун ругила цо-цо чагIи. Гьединлъидал жиндир турбазаялъул ишги цебехун ине биччалеб гьечIила.

ПалхIасил, ахир-къадги жахIдачагIазул хьулалги хIорлъун, жиндир турбазаялда сверухъ иш роцIинин абун.

Жеги гIемерал суалазда (рахьдал мацIалда, умумузул тарихалда, «ХIакъикъаталъул» подпискаялда) тIасан гьуинаб накъит букIана Айтемирилгунги Раисатилгунги нижер редакциялда. Ахиралда, редакциялъул хIалтIухъабазулгун къо-лъикI гьабун унелъул, Айтемир Сатираевас гьарана Авар автономиялъул нухмалъулев хIисабалда жиндир рахъалдаса магIарулазда тIаде щолеб бугеб Къурбан-къоги баркейин.

*З. ХIАЖИЕВА*

## МУГIАЛИМ

# ЦIадулъе кIанцIизеги нахъе къаларо

**Араб анкьалда ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаев щвана ЛъаратIа районалде. Районалъул лъай кьеялъул 14 хIалтIухъанасе гьес кьуна шапакъаталгун грамотаби ва Баркалаялъул кагътал. Гьезда гьоркьой йикIана СикIар росдал школалъул байбихьул классазул учительница Загьират ГIабдулгIазизоваги. Гьелъие кьуна «ДРялъул лъай кьеялъул отличник» абураб каранда балеб гIаламат.**



Апрель моцIалда Загьиратица хвасар гьаруна цIадул балагьалде ккарай кIудияй гIаданги гьелъул ясалъул ясги. БухIулеб минаялъуса гьел къватIире рачарай Загьиратгун дандчIвана нижги.

Загьират ГIабдулгIазизовалъ лъугIизабуна Буйнакскиялъул педучилище ва 34 соналъ хIалтIулей йиго СикIар росдал школалда. Гьенире хьвадула НикIар ва Хъалиш росабалъа лъимал. Учителасул махщел тIаса бищиялъе аслияб гIиллалъун гьелъ рехсана лъималазде бугеб рокьи.

Гьелъ ракIалде щвезабуна цIа ккараб къоги. «Дунги бетIергьанчиги рукIана нижерго хурир хIалтIулел. Циндаго рагIана кумекин ахIулеб гьаракь. Хъалиш росулъ минаби руго цоцаздаса гIезегIан рикIкIад. Гьаракь бахъана дирго якьадалъул минаялъуса. Дида щибго бихьулеб хIал букIинчIо – заз-хъарахъалъул ва цогидаб квекIен-квалкваляъул хIисабго гьабичIого, хIатIида гIицIго щун ятана дун якьадалъул минаялъе. РекIараб цIаги бихьичIо гьениб. Дида лъалаан якьад кинаб бакIалда егун йикIунебали ва гьелъул ясалъул яс йикIунеб рукъги. Цин ясалда хадуй йортана дун. Гьейги кодой ккун, къватIие унаго, дида бичIчIана гьелъул ботIрода цIа рекIун бугеблъи. ЦIаги свинабун, хIинкъи гьечIеб бакIалде гьейги щвезаюн, дун цIидасан екерана цIадулъ босараб минаялъуе.

Якьад! Астмаялъ унтарай, ункъойилъа арай кIудияй гIадан! Гьелъул рокъое лъугьиндал, чIарбида егун ятана гьей. Яччун гьейгун, хехго къватIие лъугьана. Вакьадги якьад-ясги – гьелги къватIире щун ругоан. Якьад-ясалъул мугъзада рекIун букIана цIа. ТIад ханждал хъапги бан, свинабуна гьеб. ЦIаялъ рухIун рукIана нижгоги – дун, бетIергьанчи ва вакьад. Киналго къамуна больницаялде. Дунги бетIергьанчиги рокъорго чIана», - ян бицана Загьидатица.

Больницаялде ине инкар гьабиялъе букIана гьадинаб гIилла. Чанги росуцояв цIализавураб, гIемерал цIаларал гIалимзабаз какал рараб ва баракатал чагIаз гьоболлъи бараб мина букIана Загьидатил вакьадасул. ТIаде балагьун гIадамалгун, щугогIан минуталда жаниб, рохъо лъугьана гьелъул. Гьанже кIудияв чи, вакьад, къватIивищ телев? ГIумруялъ гьабураб магIишат цо параялъ бухIун лъугIидал, къваридго вугев гьесул ракI батизабизе ккеларищ? ТIалаб гьабизе кколаан бухIараб къай-свериялъул гуребги, рокъоб букIараб боцIулги. Гьел пикрабалъ Загьиратги росги рокъорго чIана. Къаси-къаси машинаялдаги рекIун, гьел унаан райбольницаялде ва гьениб тохтурзабаз гьезда уколал гьарулаан.

Бихьизабуна дида Загьиратица ругьнаца бацараб гъежалъул бахъун букIараб суратги. КингIаги бажарараб духъа, пулхун бачIараб гъежги букIаго, цIидасанги цIадулъе кIанцIизеян гьикъана дица гьелда. «Аллагьасе шукру – эбел хвасар гьайизе кIвана. Жеги рецц БетIергьанасе – балагь рещтIараб мехалда ниж хурир ратидал. Рокъор рукIаралани, нижеда щибго рагIилароан. Мина тIубанго бухIун хадуб гурони, цIа ккараблъиги лъалароан. Ниж хехго тIаде щвечIелани, ункъо чиясул букъизе ракьацин щвелароан. Бакъвараб хер кинигин бер къапилалде бухIун бахъана мина», - ян бицана З. ГIабдулгIазизовалъ.

БухIараб итуялда, хьаг-цIарагIалда яги цогидаб жоялда килищ хъванигицин нилъ рукIуна зигардулел, унти хIехьезе кIоларого. Цоги нухалда гьединаб лъугьа-бахьин ккани, мун тIокIалъ цIа бугелъуе къазего ятиларин абуна дица Загьиратида. «Валлагь, кIанцIила. Гьадаб къоялъги, жеги анцIго чи къватIиве ваччизе кколев вукIаравани, дица гьел раччилаан. Киса гьеб къуват дилъ букIарабали, лъаларо. Амма къуват букIана – хIажалъараб мехалда, Аллагьас кьолеб батила гьеб», - ян жаваб кьуна гьелъ.

ГIабдулазизовазул минаялда цадахъго бухIана гьениб жаниб букIараб кинабго къайиги, хвараб къоялдеян гьабураб нахърателги. БухIана гьезда ретIун букIараб ретIелгицин. Къварилъи ккаразе кумек гьабуна «Инсан» фондалъул ЛъаратIа районалда бугеб отделениялъул хIаракатчагIазги, росабазул жамагIатазги. Гьабизе батила кумек районалъул нухмалъулесги социалиял хъулухъазги. ГьабсагIаталда Загьиратги гьелъул васгун гIагарлъиги хIадарулел ругоан, цIидасан мина базе хIажатаб къайиги босун, магIарухъе ине. «Эбел-эменги хьихьун, ригьнаде инчIого, гьезда аскIоб гIумру гьабулей йикIарай якьад-ясги ва цогидай якьад-ясалъул язги нижер минаялда гIумру гьабулел руго. Вакьадасда абулеб букIана, гьенирго рукIаян, киназего бакIги гIелин абун, амма дов разилъулев гьечIо. Чанги баракатав чиясул хIетIе чIараб умумузул мина чIунтизе тезе бокьун гьечIо досие. Балаха, гьесие бокьарабги гьабун, мина. КIудияв чи вохизавуни, нижее кири букIинарищ», - ян бицана З. ГIабдулгIазизовалъ.

Кумек хIажалъани, хIалае яхъине хIадурай, цIадулъе кIанцIизецин нахъе къаларей бахIарчияй магIарулай мустахIикъай йиго пачалихъияб шапакъаталъе. РакIалде ккола, ЛъаратIа районалъул администрациялъ гьеб ишалъе квербакъилин абун.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# Къабул гъабиладайха цIияб закон?

**ГIемерал соназ бицунеб цогояб пачалихъияб экзамен цояз какула, цогидаз беццула. Гъал къояздайин абуни ЛДПРалъулги, КПРФалъулги ва СРЗПялъулги фракцияз РФялъул Пачалихъияб Думаялде кьуна ЕГЭ нахъе бахъиялъул хIакъалъулъ законалъул проект. Гьелъул баян кьолеб бутIаялда хъван буго: «Законалъул проекталдалъун хиса-басиял гьаризе руго «РФялда лъай кьеялъул хIакъалъулъ» абураб федералияб законалда. Хиса-басиязда рекъон, аслиябги гIаммабги лъай кьеялъул идарабазда пачалихъияб хIасилияб аттестация гьабулеб мехалда ЕГЭялъул бакIалда кьезе руго пачалихъиял экзаменал», - ин.**

**Рехсараб законалъул проект къабул гьабуни, закон хIалтIизе буго 2025 соналъул тIоцебесеб январалдаса хадуб. Исана ва цересел соназда ЕГЭ кьурал цIалдохъабазул сертификатал хIалтIизе руго жеги ункъо соналъ. Гьезда рекъон бегьула вузалде – бакалавриаталдегун специалитеталде – цIализе лъугьинеги.**

**Проект хIадуриялъе гIиллалъун авторaз рехсолеб буго ЕГЭ сабаблъун лъимализул ракI лъукъи, цо-цояз хвелцин тIаса бищи. Проекталъе баян кьолеб бутIаялда хъванги буго, гIолилазда гьоркьор жалго жидецаго чIваялъул хIужаби гIемерлъулел ругин абун. Гьелде тIадеги, ЕГЭялдаса инкар гьабизе ккеялъе далиллъун бихьизабун буго пачалихъалъ гьеб тIобитIиялъе гIемераб гIарац харж гьабизе кколеб букIинги цIалдохъабазул лъай камиллъиялъе гьелъ гьабулеб заралги. «Школалъул лъай кьеялъул даража гIодобе кколеб буго ва олимпиадабазда коррупцияги цIикIкIана», - ян хъван буго гьениб.**




### ЕГЭйищ, цебе букIарабго экзаменищ?

ЕГЭялъе гъоркьбакI къачIалеб заманалда дун хIалтIулей йикIана ГIалибег Тахо-Годил цIаралда бугеб Дагъистаналъул педагогикаялъул гIелмияб цIех-рехазул институталда. РакIалда буго, байбихьудасаго гьеб проект рекIее гIечIо нижер хIалтIухъабазе ва гьелда тIасан бахIсалги гIемер рукIана. Кин бугониги, пачалихъалъ байбихьана проект гIумруялде бахъинабизе. ГIурус мацIалъул ва адабияталъул секторалда тIадкъана Дагъистаналъул школазе ЕГЭялъул тестал хIадуреян абун. ХIадурана. Гьел хIадурулаго, нижеца хIисабалде росун рукIана Дагъистаналъул школазул шартIал. Амма школазде гьел ритIизе ихтияр кьечIо: Россиялъул тIолабго школал – рикIкIадалги централиялги регионаздаса батIалъи гьечIо – цогоял программабазда рекъон хIалтIизе кколин абуна. ДНИИПалъул хIалтIухъабазда бичIчIулеб букIана, рахьдал мацIазда кIалъалел ва школалда гурони гIурус мацI рагIуларел лъималазе гьеб захIматаб экзамен букIине бугеблъи. Амма жакъа къоялъул хIакъикъаталъ бихьизабулеб буго ЕГЭ билълъанхъизабиялъе батIиял гIиллабиги мурадалги рукIараблъи.

Гьел гIиллабазул ва мурадазул цоблълъун ккола тIолабго улкаялъе цогояб лъай кьей гIуцIи. Цогояб лъай кьей букIине ккани, росдалги шагьаралъулги школал цого программаялда рекъон цIализаризе ккола. Гьелъие гIоло хIадурана цIиял цIалул программабиги тIахьалги. Абадиялъего кIочонаруна «миллияб школаги» гьелъие хIадурун рукIарал хасал цIалул программабигун тIахьалги. Жакъа нилъеда бихьулеб буго гьединаб бербалагьиялъул хIасилги: магIарул росабазул лъай кьеялъул идарабазда цIали гIуцIун буго, лъималазул ахалдаса байбихьун, гIурус мацIалда. Гьелъул хIасилалда дарсазда гуребги, росдал къватIаздацин лъималаз бицунеб буго гIурус мацI. Гьезул эбелинсуеги расги кваранлъи гьечIо – гьитIинго бицунеб гIурус мацIалъ рохизарун ва чIухIизарун руго гьел. Нахъарокъобе ккезабураб рахьдал мацIалда цадахъго миллаталъул хаслъи билулеб букIиналъул кинабгIаги ургъелги гьечIо халкъалъе.

### Пикраби

Проекталъул авторазул цояй, Пачалихъияб Думаялъул Лъай кьеялъул комитеталъул председателасул заместитель Яна Лантратовалъул (СРЗП) пикруялда рекъон, ЕГЭялъ рес кьоларо цIалдохъанасул пагьмугьунар рагьизе. Школалда цIалиги гьабсагIат гIуцIун буго гIицIго ЕГЭ кьеялде кIварги буссинабунин абуна гьелъ.

«ХIакъикъаталъул» телеграмалда нижеца тIобитIана цIех-рех, школалда ЕГЭ ва ОГЭ хIажат бугищ абураб суалги кьун. Гьелъие кьурал жавабазда рекъон, ЕГЭялде данде чIаразул къадар бахана 75 проценталде. ЦIех-рехалда гьоркь тараф комментариялда МухIамад абурав чияс хъвалеб буго: «Цебего нахъе бахъизе кколаан ОГЭ-ЕГЭ. 40 соналъ учителъалъунги хIалтIана, гьоркьохъеб хасаб ва тIадегIанаб лъайги щвана. Амма гьеб ОГЭ-ЕГЭязде данде чIаравги вукIана, гьанжеги вуго. Лъица гьаб ургъун батаниги, гьесдаги данде чIарав вуго ва гьеб дица рикIкIуна кваригIел гьечIеб жолъун», - ан. Gamzatovaлъ хъвалеб буго: «БитIараб бицани, дун цIалулеб заманалда ЕГЭ букIинчIо. Изложение-сочинение букIунаан. Дие нахъе бахъун бокьилаха», - ян.

ПатIиматица хъван буго: «Кинабго жоялъулъ гIадлу гьечIолъи мекъи букIинарищха. Цо-цо пунктазда цIалдохъабазе кумек гьабулеб буго, цогидал пунктаздайин абуни, цIалдохъаби дорe-гьанирехун сверизецин риччаларо… Нужецаго пикру гьабун бихьеха гьанже», - ян.

Цогидаб социалияб гьиналда гIуцIараб цIех-рехалдаги магIарулаз загьир гьаруна жидерго пикраби. Рехселин цIикIкIарасезул пикру жанибе бачарал гьезул цо-цоял:

Alihan: «Дун ЕГЭялде данде чIарав вуго. Нагагь гьеб толеб богони, хисизабизе ккола къимат кьеялъе хIалтIизарулел критериял».

Amina Amina: «ЕГЭ нахъе бахъиялда рази гьечIо дун. Гьелде дандечIола гIицIго вузалде экзаменал кьезе ккечIев ва гьениб букIараб коррупция кIочон тарав чи. Жакъа бокьараб росулъ цIаларав гIолиласе рес кьун буго ракIалъ тIаса бищараб ва жиндир лъаялде рекъонкколеб вузалде «Госуслуги» порталалъул кумекалдалъун документал ритIизе. Школалдаго экзаменал кьураб мехалда, выпускник хIажатавлъун ккела тIаса бищараб вузалде документал кьезе ине. Вуз бугеб шагьаралде щведал, гьес балагьизе ккола, экзаменал кьун рахъинегIан жанив вукIине рукъ. Сапаралъеги, кванигги, рукъалъухъги кьезе гIезегIан гIарац харж гьабизе ккола гьес яги эбел-инсуца. Гьелъулъ гьечIищ гIолиласул стрессалъе гIилла?»

> ЦIалдохъабазул лъаялъул халгьабулеб ва вузазде цIализе лъугьиналъе кьолел ресазул рахъалъ халгьабуни, ЕГЭ буго бищунго санагIатаб къагIида. Амма тIолалго цIалдохъабазда гьеб кьезабиялъул рахъкколаро дица.

ЦIалдохъабазул лъаялъул халгьабулеб ва вузазде цIализе лъугьиналъе кьолел ресазул рахъалъ халгьабуни, ЕГЭ буго бищунго санагIатаб къагIида. Амма тIолалго цIалдохъабазда гьеб кьезабиялъул рахъкколаро дица. Байбихьуда абулеб букIана, ЕГЭ кьезе кколила гIицIго вузалде цIализе ине вугев цIалдохъанасин абун. Хадубккун гьеб чара гьечIого кьезе кколеблъун ва киназдаго тIадаблъун гьабуна. Гьединлъидал школазги хIаракат бахъулеб буго цогоял экзаменазул хIасилал лъикIал лъугьиналъул мурадалда цогидал дарсаздаги цIалдохъаби гьезде хIадуриялде. Репетитор ккевеги учительзабаз тIамулел руго эбел-эмен. Репетиторас хIадурарав цIалдохъанасе тIадегIанал баллал щвейги кколелъул учителасулги школалъулги хIаракаталъе лъикIаб къимат кьеялъе кьучIлъун.

### МахщелчагIи гIолел гьечIо

ЕГЭ байбихьаралдаса нахъе школалда цIаларав щивав гIолиласда ракIалде ккана вузалде лъугьине жинцаги хIалбихьизе кколин абун. Лъалаго дагьлъана гьоркьохъеб махщалил цIалул идарабазде лъугьунел гIолилазул къадар. Гьоркьоб заман индал бихьулеб буго, республикаялъе гуребги, тIолабго улкаялъе хасаб гьоркьохъеб лъаялъул махщелчагIи камун рукIин. РахIатхварал пачалихъиял хIакимзабаз, гьеб хIал лъикIлъизабиялъул мурадалда, хIукму гьабуна гIицIго ОГЭялъул хIасилалда колледжазде цIализе гIолилал росизе. Амма гьелдалъун лъай кьеялда ругел масъалаби тIагIинчIо. Улкаялда рукIарал гIемерал вузалги гьезул филиалалги цолъизаруна ва гьенир дагьлъизаруна бюджетиял бакIал. Гьел бакIаздеги, тIоцебесеб иргаялда, росула лъимерлъудасаго сакъатал, гIемер лъимал ругел хъизамаздаса, олимпиадабазда бергьенлъи щварал ва цогидал, ай бигьалъабазул сияхIалда ругел выпускникал. ХутIарал хIажаталлъун кколаан цIаларалъухъ гIарац кьезе.

Бюджетиял бакIазде цIализе росарал абитуриентазул лъаялда ракI рекъечIел вузаз байбихьана ЕГЭялъул хIасилазде тIадеги жидецаго экзаменал тIоритIизе. Гьелдаса рази гьечIел дагьал рукIинчIо. Кин гьабуниги, вузазул преподавателазул гIарзал дагьлъулел гьечIо. Бичизе кIолареб гIомолъун лъугьун буго жакъасеб лъай кьеялда бугеб хIал. Вузаз школазде гIайиб рехула лъавукъал гIолилал рачIунел ругин абун. Школаз жаваб кьола вузазда хIадурарал лъавукъал махщелчагIазухъа цIалдохъабазе лъай кьезе бажарулеб гьечIин абун. Цоцазде гIайиб рехиялъ хисизабулеб жоги гьечIо.

Пачалихъияб Думаялде битIараб рехсараб законалъул проект къабул гьабиялдаги щаклъи буго. Гьабгощинаб заманалда пачалихъияб гIарацги харж гьабун, бищунго камилаб лъай бугеллъун рикIкIунел махщелчагIиги гIахьал гьарун къабул гьабун букIараб ЕГЭги ОГЭги нахъе бахъиялъул магIна ккола лъай кьеялъул рахъалъ пачалихъалъ тIобитIулеб политикаялъул гIунгутIилъун. Гьединлъидал, дир пикруялда, Думаялъул лъабго фракциялъ кьураб ва депутатазул гIемерисез рахъкколеб законалъул проекталъул сан гьабизе гьечIо улкаялъул нухмалъиялда ругел «Цогояб Россия» партиялъул вакилзабаз. Гьелдаго цадахъ, нухмалъиялда бугеб партиялъ Думаялде бачIине бегьула жидерабго проект. Рес буго киналго рахъал хIисабалде росараб гьезул проект гьениб цебелъезеги.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## Марьям Шафиева:
# «ЖамгIиял гьиназда бугеб рахьдал мацIалъ батIияб асар гьабулеб буго»

**Марьям Шафиева ккола МахIачхъала шагьаралъул №45 школалъул авар мацIалъул мугIалим. 2020 соналда рагьараб «Калам» абураб Дагъистаналъул мацIал малъиялъул централъе нухмалъиги гьабула гьелъ.**

**Ахираб заманалда жамгIиял гьиназда гIемер рихьула Марьямица авар мацIалда тIасан ургъараб батIи-батIиял суалал, бицанкIаби, тестал ругел видеороликал. Гьелъ жамгIиял гьиназда «Гилибчканка» абураб тIокIцIаралда гъоркь бачуна рахьдал мацIалда блог.**

**Дагьалъ цебегIан Марьям Шафиевалъ гIахьаллъи гьабуна Москваялда тIобитIараб «РФялъул миллияб адабияталъул фестиваль - 2024» абураб тадбиралдаги.**

- Исана ДГУялда тIобитIулеб букIараб данделъиялда дида абуна гьеб тадбиралда гIахьаллъизе айилан. Дунги разилъана.

Дагъистаналдаса дида цадахъ рукIана «DOSLAR.tv» абураб нугъаязул телевидениялъул директор Даниял Исакаев, лъабго батIияб мацIалда кучIдул хъвалей Сафият Джалганская, шагIир, таржамачи, театралияв критик, мугIалим Фазир Муалим, тумазул театралъул актер, режиссер Руслан Ларин, азербайжаназул театралъул актер Аскер Асадов, рахьдал мацIазда хурхараб приложениялъул автор Рустам Апаев.

Дун гьение ахIун йикIана Дагъисталъул мацIал малъулеб «Калам» школалъул хIакъалъулъ бицине, - ян абуна М. Шафиевалъ.

- Кинаб асарха гьабураб фестивалалъ? Кинаб программа гIуцIун букIараб гьениб?

- «Миллияб литератураялъул фестиваль» абун цIар лъун букIаниги, фестивалалъ жанибе бачун букIана улкаялъул миллатазул маданиятги, искусствоги, адабиятги, мацIазул хаслъабиги.

Ункъо къоялъ (6-9 июналда) халатбахъараб фестивалалда гIахьаллъи гьабуна улкаялъул миллатазул вакилзабаз.

Миллияб ретIел ретIарал васалгун ясазункъабго къоялъ къалъкъалъизабун букIана БагIараб майдан. Щивав гIахьалчияс жиндаго цадахъ бачIун букIана жиндирго миллаталъул рухIияб бечелъи: ахIулел ва цIалулел кучIдул, рихьизарулел къурдаби ва хIаял, миллиял тIагIалабазул, квен-тIехалъул, миллиял мацIазда хъварал тIахьазул, газет-журналазул церелъеял… Гьеб киналъухъго балагьидал, ракIалде кколеб букIана БагIараб майданалда тIолабго Россия бугин.

- Дуца кин-кинал тадбиразда гIахьаллъи гьабураб?

- ТIоцебесеб къоялъ Пушкинал майданалда тIобитIулеб букIана кIудияв шагIирасул юбилеялъул хIурматалда тадбир. Дица гьениб цIалана Пушкинил авар мацIалде буссинабураб «Нагагь мун гIумруялъ гуккани» абураб кечI.

«Рахьдал мацIал церетIезариялъе шартIал гIуцIи» абураб дандеруссиналда рукIана кьучIдасан рахьдал мацIал малъулел школазул нухмалъулел. Щивас гьениб бицана жидерго хIалбихьиялъул. Дицаги бицана «Каламалъул» жакъасел къоялдехун ругел хIасилазул ва хIалтIул хаслъабазул.

Миллиял мацIазда асарал хъвалел шагIирзабазул «Бункер» дандеруссиналда дие рес щвана дирго асарал цIализеги.




Гьединго тIобитIана жамгIиял гьиназда миллиял мацIазда блогал рачунел блогерзабазул дискуссияги. Гьенибги щивас бицана жидерго блог цебетIеялъе гьабулеб бугеб хIалтIул.

- Марьям, кин пикру ккараб магIарул мацIалда блог бачине? ГIадамазул кинаб бербалагьи бугеб гьелдехун?

- Школалде хIалтIизе лъугьиндал байбихьана дица авар мацIалъул грамматикаялъул хаслъабазда тIасан видеороликалги рахьун, дирго гьумералда лъезе. Хадуб бижана «Калам» центрги. ТIадчIун блог бачунеб гьечIони, гьелъул хIалтIи хIинцIулъула.

ГIадамазе жакъа интерес буго дир блогалъул. Дицаги хIаракат бахъула гьениб интересаб материал лъезе: мацIалда хурхарал баянал, бицанкIаби, суалал, тестал, дицаго гьарурал цо-цо кучIдул лъун, гIадамазул гьира кколедухъ хIалтIи гIуцIизе. Видеороликалги хIадурула жакъасел къоялъул тIалабазда данде кколедухъ. Авар мацI лъалез абула чанги кIочон тараб ракIалде щолин. ВатIан тун рикIкIад ругезе жидерго миллаталъул рухIияб бечелъиялъулгун бухьен тIунгутIиялъе кумек букIуна. Чангояз абуна, блогалъул кумекалдалъун мацI лъазабулеб бугин, цо-цоязин абуни дир гьенир ругел рагIаби, рагIабазул дандраял, кицаби-бицанкIаби данде гьарулел руго жидецаго словаралги гIуцIун. Бищунго гIадамазул гьира букIуна мацIалъул хаслъабазда тIасан гьарулел накъитал рихьидал ракI бохизецин бачIуна. Нагагь гьалатI борчIани, гьеб параялъго чанго чияс хъван бачIуна. Гьебги блог бачиналъулъ кIудияб кумеклъун рикIкIуна дица.

Камуларо мацIалъул хаслъиялда тIасан гIадамазул бахIсалги. Рахьдал мацIал хун унел ругин ахIи балеб букIаго, мацIалда тIасан гьарулел накъитал рихьидал ракI бохизецин бачIуна. Нагагь гьалатI борчIани, гьеб параялъго чанго чияс хъван бачIуна. Гьебги блог бачиналъулъ кIудияб кумеклъун рикIкIуна дица.

ПалхIасил, блог гIуцIиялъул аслияб мурадлъун букIана магIарул мацI цебетIезабиялда сверухъ дидаго бажараараб бутIа лъей. ЖамгIиял гьиназда дандчIвалеб рахьдал мацIалъ гIун бачIунеб гIелалъе батIияб асар гьабулеб буго.




*Гара-чIвари гьабуна*
*МухIамад МАНАПОВАС*

## ХIухьбахъиялъе унго-унгояб бакI

**ТIолгодунялалъулго лъималазул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул къоялъул хIурматалда, Хасавюрт районалъул Эндирей росдада гIагарда бугеб «Акташ» рестораналда тIобитIана байрам. Гьениб рагьана лъималазе гуребги, чIахIиязеги санагIалъаби ругеб «Детский развлекательный комплекс» абураб хIухьбахъиялъулаб бакI.**

Комплекс рагьиялда гIахьаллъана Хасавюрт ва цо-цо цогидалги районаздаса, МахIачхъала, Гъизилюрт, Хасавюрт шагьараздаса лъимал, гьезул умумул, СВОялъул гIахьалчагIазул хъизамал. Гьединго, Хасавюрт районалъул бетIер Асланбек ГIалибеков, Санкт-Петербургалда гIурулъе бортараб автобусалда рекIун рукIарал гIадамал хвасар гьарурал ЛъаратIа районалдаса Идрис ХIажиев, ШагIбан ЖабрагIилов, МухIамад ХIасанов, «Крокус Сити Холл» концерталъулаб залалда ккараб лъугьа-бахъиналъул бахIарзал Ислам ва Никита.



Паркалде хIухьбахъи гьабизе рачIаразе чIезарун руго киналго шартIал, ай кваналеб рукъ, чвердезе бассейнал ва цогидабги.

Гьениб гьалбадерие хIажатаб тIубазабиялъе квербакъана Сулахъ росулъ гIумру гьабун вугев, ЦIумада районалъул Гьакъо росулъа МухIамадхан Хазанатовас. Гьесиеги баркала кьолеб букIана гьенире рачIараз.

ПалхIасил, гьеб къоялъ гьенире рачIаралщинал разиго хутIана жидее гьабураб хъулухъалдаса ва къурал сайгъатаздаса.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

## ТАРИХАЛ ВА ХIУЖАБИ

**«Академия MAXIMUM» абураб онлайн-школалъ цIалдохъабаздаги гьезул эбел-инсудаги гьоркьоб тIобитIараб цIех-рехалда рекъон, цIалдохъабазул 44 проценталъ тIаса бищулеб буго рокъосанго цIали. Гьелъие рехсолеб буго цо чанго гIилла: классцоязулгун дагIба-рагIи ккей – 32 процент, киназдего цогояб бербалагьи букIине бокьи – 32 процент, гIицIго жиндие рекъонккколеб къагIидаялда хIалтIи гIуцIи – 27 процент.**

**ЦIалдохъабазул 32 проценталъги гьезул эбел-инсул 50 проценталъги рикIкIунеб буго, экзаменазде хIадурлъулеб мехалда рокъосан цIалиялъул пайда цIикIкIараб бугин абун.**

# МагIарулазе Татьяна йокьизаюрав шагIир

**Исана 105 сон тIубана хъвадарухъан, драматург, таржамачи МухIамад Сулиманов гьавуралдаса. ГьитIинго бесдал хутIарав гьев гIуна лъималазул рокъов, цIалана Буйнакскиялъул школа-интерналда, педучилищеялда, Москваялда лъугIизабуна М. Горькиясул цIаралда бугеб литературияб институт. ХIалтIана школалда учительлъун, радиокомитеталда ва «МагIарул большевик» («ХIакъикъат») газеталъул редакциялда.**

МухIамад кколаан КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчиги. Рагъул кьогIаб сипат бихьизабуна гьес «Рагъул нухазда», «Дандерижи», «Гъалал» абурал поэмабазда ва цогидал асаразда жаниб.

Гьесул «Гургур-мегIер» абураб рагъулал харбазул тIоцебесеб тIехь къватIибе бачIана 1947 соналда. Хадуб магIарул ва гIурус мацIазда хъвана «Беццаб божилъи», «Такъсир», «Сулахъ - гьалагаб гIор», «ЧIегIераб нохъо» абурал тIахьал.

М. Сулимановасул къалмикъан ана «Росдал намус», «Дурцал», «Ирсилал», «МагIарда хъала», «Хазина» абурал пьесаби.

Эмен тумав вукIаниги, М. Сулиманов вукIана рагIа-ракьанде щун магIарул мацI лъалев инсан, бищунго лъикIал таржамачагIазул цояв. Гьесухъа бажарана цIакъ мухIканго А. Пушкинил «Евгений Онегин» роман магIарул мацIалде буссинабун. ГIурусазул классик А. Пушкинил цо-цо асарал магIарулазухъе цIализе щвеялъе кврбакъилъун ккана гьел нилъер мацIалде ЧIикIаса Айдемирица, Гьидалъа Хандиев МухIамадица, ТIелекьа Ханахачиев МухIамадица, МухIамад Сулимановас руссинарун рукIиналъ. МагIарул мацIалде гьел ва цогидалги асарал руссинариялъ бечед гьабуна нилъер миллияб пикру, мацI, адабият. Гьез магIарулазе гIагар гьабуна гIурус маданият, гьелъул бечелъи ва хаслъи, рагьана гIадатияв гIурус инсанасул рукIа-рахьиналдехун нуцIа, рес кьуна гьесул рухIияб бечелъиялде жанире раккизе, гьеб бичIчIизе ва лъикIалдаса мисал босизе.

Амма чияр мацIалда хъвараб асар, гьелъул хаслъиги, художествиял рахъалги цIунун нилъер мацIалде буссинабизе ккани, хIажалъулел рукIана пагьму-гьунар бугел рагIул устарзаби. ТалихIалъ, гьединал чагIи кидаго рукIана магIарулазда гьоркьор. Масала, ЦIадаса ХIамзат, Асадула МухIамаев, Шигьабудин МикагIилов, МухIамад Сулиманов, ХIамзатил Расул ва цогидалги. Гьез гьабураб хIалтIи ккола багьа гьабизе кIолареб, кIудияб, бечедаб рухIияб хазина, хвел гьечIеб халкъияб давла.

МагIарул мацIалде руссинарурал Пушкинил асаразда гьоркьоб хасаб бакI ккола «Евгений Онегин» асаралъ. Поэтикаялъул, пикруялъул ва мацIалъул рахъалъ гьеб, XIX гIасруялъул тIоцебесеб бащалъиялъул гIурус халкъалъул гIумруялъул сурат цебечIезабулеб асар, цIакъ захIмалъула батIиял мацIазде буссинабизе. Гьединлъидал Пушкинил поэма магIарул мацIалда кIалъазабизе кIвей ккола, 1988 соналъ нилъедаса ватIалъарав МухIамад Сулимановасул адабиябгун гIумруялъулаб бахIарчилъиялъулги, гьунаралъулги, гьесул пагьмуялъулги лъикIаб хIасиллъун. Гьелдаго цадахъ лъикIго гIурус мацI лъалеб букIиналъ гьесие рес кьуна «Евгений Онегин» асаралъул мацI, пикру бичIчIизе, гьелъул шигIруяб тIабигIаталъул хаслъи таржама гьабиялъул даражаялда къабул гьабизе.







ЛъабкъогоялдасаI цIикIкIун соналъ цебе магIарул мацIалде буссинабураб «Евгений Онегин», Россиялъул халкъазул Ассамблеялъул республикаялъул отделениялъул жигаралдалъун ЦIадасан басмаялда бахъана 2019 соналда, поэтасул 100 сон ва поэмаялъул автор А. Пушкинил 120 сон тIубаялда бан. Щайгурелъул гьеб асар гьанжеги магIарулазе рахьдал мацIалда хIажатаблъун букIиналъ ва цебесеб таржамаялъул тIахьал цIакъго дагь гурони хутIун гьечIолъиялъ.

Дагъистаналда гIурус, магIарул ва тум мацIал тун цогидал мацIазда «Евгений Онегин» жеги халкъазухъе щун гьечIо. Амма божилъи буго гьединал таржамаби рукIине ратилин абураб.

МухIамад Сулимановасул гьунаралъ цоги нухалда нугIлъи гьабулеб буго, кьалудасаги рикьалабаздасаги халкъазда гьоркьоб цIикIкIун гIаммаб, гIахьалаб, гIаданлъиялъулаб асар ва бухьенал рукIараблъиялъе, гьел цIунизе нилъехъа бажаризе ккеялъги.

1975 соналъул август моцIалда поэтал МухIамад Сулиманов, МухIамад ГIисаев, ГIумархIажи Шахтаманов рачIун рукIана Казбек районалде. Дун гьеб мехалда хIалтIулев вукIана комсомолалъул райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун. Гьелгун цадахъ щвана Ленинаул, Калининаул, Гуни росабазул захIматчагIазухъе. Колхозазул хурзабахъ битIун хIалтIи тIадбан унеб гьеб заманалда, поэтал рачIун рукIинги рагIун, хIалтIиги жибго тун, гьезухъ гIенеккизе рачIараз рехсарал росабазул клубал занкIун цIун рукIана. Гьеб букIана шагIирзабазде, гьезул асаразде бугеб рокьул хIасил. Киназего цIакъ кеп щвезабулаан М. Сулимановасул ракIрагьараб гара-чIвариялъ ва бегIераб каламалъ.

МухIамад Сулиманов жакъаги вуго жиндир асарал нилъер ва цогидалги миллатазул вакилзабаз бищун гIемер цIалулел шагIирзабазул кьерда.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

# Дагъистаналдаса тIахьазе - тIадегIанаб къимат

**11 июналда Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялда тIобитIана «Красная площадь» абураб тIахьазул фестивалалъулги «Китап-Байрам» абураб халкъазда гьоркьосеб тIахьазул ярмаркаялъулги хIасилал гьарураб пресс-конференция. Гьелда гIахьаллъана ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентствоялъул нухмалъулев ГIабдуразакъ Жамалудиновги «Дагъистан» издательствоялъул нухмалъулев ГIумаргIусман ХIажиевги.**



ГI. Жамалудинов ва ГI. ХIажиев

Гьез бицана рехсарал тадбиразда «Дагъистан» басмахана гIахьаллъиялъул ва щварал шапакъатазул хIакъалъулъ. Москваялда, «Красная площадь» абураб тIахьазул фестивалалда гIахьаллъана Дагъистаналдаса кIиго издательство: «Дагъистан» ва «Эпоха». Россиялъул ТIахьазул издательствабазул ассоциациялъ гьениб тIобитIана «2023 соналъул бищун лъикIал тIахьал» абураб профессионалияб конкурс. «Дагъистан» басмаханаялъ къватIибе биччараб «Расул Гамзатов. Серия книг. Проект к 100-летнему юбилею» абураб проект гьениб мустахIикъльана конкурсалъул Гран-приялъе. Гьелде тIадеги «Искусство книги» абураб номинациялда Расул ХIамзатовасул «ТIаса рищарал асарал» абураб тIехьалъухъ издательствоялъе кьуна хасаб дипломги.

ГI. ХIажиевас бицана Сулейман Стальскиясул 155 сон тIубаялде басмаялде рахъарал тIахьазул хIакъалъулги. Фестивалазда церелъезе мустахIикъал тIахьал рахъиялъе кумек гьабуралъухъ гьес баркала кьуна РФялъул президент Владимир Путиниеги ДРялъул бетIер Сергей Меликовасеги. Гьез квербакъи гьабичIебани, тIадегIанаб къимат кьолел тIахьал рахъизе рес щвелароанин абуна гьес.

ЦIиял тIахьазул хIакъалъулъги бицун, ГIумаргIусманица пресс-конференциялда гIахьалъарал журналистазеги сайгъаталъе кьуна Расул ХIамзатовасул тIахьал. «Дагъистан» издательствоялъул хIаракаталъул хIакъалъулъ макъалаби рахъулеб республикаялъул лъабго газеталъул редакциялъе (гьезда гьоркьоб «ХIакъикъаталъеги») гьес кьуна Баркалаялъул кагъталги.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*



# Лали ХIайдаровалъул «Бахубика»

## ЧIужугIаданалъе сайгъат гьабула

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

### «ГьитIинаб Дагъистана-лъухъ» гьоболлъухъ

1876 соналда бараб «Чупановасул мина»-музей. Гьелъул азбаралда ятана музеялъул директор Ханика Хъазанбиева.

*- Жакъасеб тадбир сайгъат гьабулеб буго чIужугIаданалъе, исанасеб сон Хъизамалъул лъагIелги бугелъул. Гьей ккола гIумруялъул аслу, хъизамалъул гъасда цIаги хинлъиги кколей гIадан. Амма гьаб тадбир гьабизе ракIалде ккаралдаса нахъе, цебесаго унеб гьечIо инсул, дун ячIиналде цеве музеялъул директорлъун вукIарав ГIалибег Хъазанбиевасул сипат. Гьев ракIалдещвеялъе, гьесул рухI бохизе гIологи гьабулеб тадбир буго гьаб. Инсул кIудияб анищ букIана, гьанжесел тIалабазда рекъонги, гIун бачIунеб гIелалъе гьанире щвезе гъира ккелеб хIалалъги музеялъул хIалтIи цIигьабун гIуцIизе. Гьес байбихьана, ва дица гьесие бокьун букIараб хIалалда гьабулеб буго,* - ян бицана гьелъ.

ГIажаибго берцинаб гогьаралъ ракI тIаде цIалеб букIана – некIсияб минаялъуб гьабулеб бугеб тадбиралъ рачунел рукIана доба рикIкIада хутIараб магIарулазул тарихалъухъе гьоболлъухъ.

Байрам байбихьизегIан, музеялъул щибаб рокъобе щвезе заманги букIана. Гьенир ратана жидерго тIагIелалгун тадбиралде рачIарал бархъалисел, ГIахъуша районалдаса ва ГьоцIалъа халкъиял промыслабазул устарзаби.

Минаялъул кIиабилеб тIалаялъул балконалдайин абуни букIана руччабазул кIазазул выставка. Гьеб хунздерие сайгъат гьабун букIана ГIахъуша районалдаса рачIарал гьалбадерица.

ГьоцIдерил гIарцул тIагIелаз къачIарал, черхго бахчиледухъ ботIрода берцинал шалал, гормендаби чIварал магIарул руччабаз гвангъизабураб сверухълъиялда тIибитIун букIана магIарулазул миллияб кванил тIагIамги. Тадбир байбихьилалдего байрамалде рачIаразул рес букIана кванил хIалбихьизе.

Гьале – магIарул хинкIал, ролъулги, цIоросаролъулги ва гьединго гьолочIвараб гIатIалги, тIидул ва куракул карщал, бакъвараб бакь, гьан, мугь… Доле дагьал дорегIан - нисдалъ пурщаби гьарулел хунздерил руччаби. РухIилаго квинчIони, кепги щибха гьезул. Гьагъале гьагъаб цояб рахъалда гьоцIдерил гIолохъабаз дандеруссиналъул гIахьалчагIазе хIадурулеб буго кофе.

Гьеб киналдаго цадахъ гьеб къоялъ **«Чупановазул минаялъуб»** рещтIун букIана гIажаибаб рохел. Гьеб босун Хунзахъе рачIарал гьалбадерида гьоркьор рукIана магIарул районаздаса вакилзаби. Гьеб къоялъ, абизе бегьула, музеялда гьоболлъун лъугьун букIанин «гьитIинаб Дагъистан». Гьелъие нугIлъиги гьабула Дагъистаналъулги гьелъул халкъалъулги гьудуллъи-вацлъиялъул хIакъалъулъ Дагъистаналъул халкъиял артистал **Лариса ХIажиеваль ва Зульфия Ильясоваль**, Дагъистаналъул мустахIикъай артистка **Машидат ГIумарасхIабоваль** ахIарал кучIдузги.

Байрам байбихьилалде, цо-цо гIахьалчагIазулгун гара-чIвариги гьабуна. Гьезул рохарал кIалъаязги разиял гьурмазги бицунеб букIана тадбиралъ гьезие гьабулеб бугеб асаралъул.

ГIемерал соназ Хунзахъ росдал №1 школалда гIурус мацIалъул учительлъун хIалтIарай **Умукусум Халиеваль** бицана минаялъе цIар кьурав Чупановасул хъизамалъул къисматалъул хIакъалъулъ. (Чупановазул ва гьезул минаялъул къисматалъул хIакъалъулъ хъвазе буго хасаб макъалаялда).

### «Бокьула магIарул ясазул гьурмалъ...»

Байбихьана миллияб парталалъе сайгъат гьабураб кIудияб байрам. Гьеб нухда бачине цере рачIана **Асият МухIамадова** ва **Ирайгьанат МухIамадова**. Гьез ракIалде щвезабуна хунздерил тарихги, бицана Лали ХIайдароваль коллекциялъулги, хъизамалъул лъагIалилги хIакъалъулъ:

*- ЧIужугIадан ккола гIумру берцинлъиялъе ТIадегIанас бижараб жавгьар. Эбел, яц, яс, лъади. Щибаб хъизамалъул гъасда бакараб цIаги ккола гьей. Биччанте гьаб Хъизамалъулаб лъагIелалъул щибаб къоялъ гьелъие гьурщизе талихIал лахIзатал. ЧIужугIадан берцин гьаюла тIад ретIараб парталалъги. Кинайха гьей йигей Лали ХIайдаровалъул бераздалъун?*

*- МахIачхъалаялда дир буго миллияб партал бичулеб кIиго тукен. Гьениса ретIел босула цо нухалда ретIине гуреб. Руго къойил ретIине бегьулел гордалги. Гьезулги, цо-цо гIаламаталги тIаде журан, лъугьинаризе бегьула берталье ва цогидалги рохалилал тадбиразде ретIунел гордал. Къокъ гьабун абуни, дихъа росарал гордал, цо нухалдаги ретIун, нахъе лъоларо, гьел музеялда хутIизе гьечIо. Жидеего дандекколеб къагIидаялдаги хисизаризе бегьула гьел, тIаде жубан, тIаса бахъун.*

*Дун тIоцее щолей йиго Хунзахъ районалде. ЛъикIал, берцинал гIадамал ратана гьанир. Дун Хунзахъе ахIунги йикIана «Чупановасул мина»-музеялъул директор Хъазанбиева Ханикаца ва бизнесмен-предприниматель, МахIачхъалаялда гIумру гьабун йигей Хунзахъ районалдаса МухIамадинова Зайтунатица. Гьезие кIудияб баркалаги буго,* - ян бицана Лали ХIайдароваль.

Кинабго мода бихьизабурал ясал ккола Хунзахъ районалдаса.

Ва гьале Дагъистаналъул культураялъул мустахIикъай хIалтIухъан **Умукусум МухIамадоваль** ахIулеб «Бахтика» кечIалда цадахъ цере рахъана коллекциялъул тIоцересел гIахьалчагIи, бахIаралъул парталги ретIун. Гьелдаго цадахъ кIиабилеб тIалаялде бугеб болъодухъан гьоркье гьединабго берцинаб ретIа-къайгун рачIунел рукIана бахIаралъул гьудулзабиги. НекIсияб минаялъул гьундухъан ахIулеб букIиналъгIаги батила, гьаб нухалда гьеб кечIалъ дие, масала, цIакъго кIудияб асар гьабуна. Бихьулищха доб заманалдаса нахъего букIун бугеб жидерго хасал мурадазе гIоло ясал россабазе кьолеб гIадат, гьезие бокьаниги-бокьичIониги. АхIулеб кочIол магIналде дандекколеб хIалалда, гьурмада пашманлъи бекьарай бахIарай йихьидал, цоцоязул магIуги камулеб букIинчIо. Гьединабго хIал букIана цогидал гIахьалчагIазулги.

ЦIидасанги пикрабалъ тарихалъул тIанчал нахъехун регизе лъугьана. Музеялдасан цIакъго лъикI бихьулеб букIана жиндир тIогьазда Саба-меседо гIунарай ГIакаро мегIерги. Гьение тIаде яхине анищцангицин кколеб букIана дида.

КIиго чIужугIаданалъул цоцазда релълъараблъун бугеб цо къисмат…

МагIарул ясазул кIиабилеб церерахъиналдаги бихьизабулеб букIана некIсияб магIарул бертин – ахIулаго кечIгун, бахIаралъул къайиги босун, рачIунел ясалги гьезда дандчIвай гьабизе бахъараб бахIарасул «улкаракьги».

Лъабабилеб-ункъабилеб церерахъинал… Щибалъул жиндирго хаслъи. Унго, парталалъул берцинлъийилан кколеб букIана, миллияб ратIлилъ берцинал ясал цере рачIунеб мехалда. МагIарулалъул гIумруялъул киналго лахIзатал ракIалде щвезарулел рукIана **«Бахубика»** коллекциялъул гIахьалчагIазул церерахъиналъ.

Гьалеха, раччун магьалгун, кодор хъандирабигун, гьабулеб хIалтIи бигьалъиялъе, ахIулаго кечIгун, рачIунел мугIрул руччаби… Сверухълъиялдаго бакъ рещтIараб асар гьабулеб букIана Л. ХIайдаровалъул асараз.

СухIмат-кепалдеги, бертабалъеги, къойил ретIине бегьулебги партал – гьеб кинабго букIана моделералъул коллекциялда.

Кинаб партал ретIаниги, ХIамзатил Расулица хъвавухъе, цадахъго магIарул намусги, гьелдаго цадахъ нечейги цIакъго рекъон кколеб букIана мода бихьизабулел ясазда.

Ясазул щибаб церерахъиналъул байбихьуда тадбир нухда бачунез ракIалдасан рикIкIунел, цIалулел рукIана Р. ХIамзатовасул, Ф. ГIалиевалъул ва цогидалги магIарул шагIирзабазул кучIдул. Байрамалъе тIадегIанаб къимат кьурал кIалъаял гьаруна гьалбадерицаги. Гьезда гьоркьор рукIана Дагъистаналъул Тахо-Годил цIаралда бугеб миллияб музеялъул, республикаялъул Туризмалъул ва халкъиял промыслабазул министерствоялъул вакилзабиги.

### ГIолеб гIелалъе чIагояб мисал

*- Гьадинаб байрамалде дун тIоцебесеб нухалда щолей йиго. Гьалъ дие цIакъ берцинаб асар гьабуна. Дида гьаниб бихьана ва бичIчIана магIарул ясазда миллияб партал цIакъ рекъолеб букIин. Масала, дида гьаний ятана цеегоялдаса лъалей йикIарай Асият Камильбегнаялъул яс. Гьалда магIарул гормендо рекъон букIараб куцха! Дирго буго гормендо, амма дун йикIана гьитIинал ясазда рекъон букIинарилан. Амма рекъолеб букIун буго. ЦIакъго рокьана дие гьоцIдерил устарзабазул гIарцул тIагIел - комплект – курхьинги, рахасги, баргъич-кIилкIалги. Миллияб гордеги букьизабила. Гьанже дица гIарац данде гьабизе буго, гIарцул комплект босизе,* - ян бицана ТIанусиса анлъабилеб классалъул цIалдохъан **Шумайсат НурмухIамадоваль**.

ЛъугIана байрам. Биччанте гьеб букIине гIун бачIунеб гIелалъул миллияб парталалде рокьи бижизабизе тIамураб иргадулаб галилълун. Биччанте чIагояб мисаллъун хутIизе гьеб къоялъ Хунзахъ музеялъул гьалбаллъун рукIарал тIад ретIараб миллияб парталъги ва гьединго тIад хурал, рарал гIарцул тIагIелазги сверухълъиялъего берцинлъи кьурал мугIрул руччаби.

Гьаб тадбир гIуцIарав, гьалъие квербакъарав чи щивилан гьикъаниги, гьелъие жавабги щвечIо, нилъ киналгойилан абураб гурони. Гьединго абуна Ханикацаги, кинацаго гьабунин кумекилан, киназулго гIахьаллъиги бугилан.

Гьединаб букIунаха хIасилги цадахъ гьабураб хIалтIул.

**_Шамай ХЪАЗАНБИЕВА_**



# Гьонодаса бесдалав

## Хунзахъ тІалъиялда пачаясул сардар

**Гьаб макъала хъваялъе сабаблъун ккана арал гІодоркъояз Хунзахъ, Чупановазул минаялъуб тІобитІараб тадбирги, гьелъул хІакъалъулъ Шамай Хъазанбиевалъ хъвараб макъалаги. Чупановазулин абулеб минаялъул бетІергьанлъун вукІарав ГІалихъиличил хІакъалъулъ бицен гьабулеб бугелъул Хъазанбиевалъул макъалаялда, ракІалде ккана гьесул хІакъалъулъ гІатІидго бицен гьабизе.**

**Щив чиха вукІарав ГІалихъилич ва кин гьев Хунзахъе ккарав?**

**ГІалихъиличил хІакъалъулъ гьитІинав чи дун вугеб мехалдаго бицунеб рагІун букІана. ЧІахІиял чагІаз абулаан, гьитІинго бесдалги хутІун, къо бухІараб мискинлъиялъул захІматаб лъимерлъи букІанин гьесул. Къисматалъ Хунзахъеги вачун, гьесул вахъуна, Аваристаналдаго машгьурав чи. Жакъаги Гьонода росулъ чІаго руго гьесул тухумалъул чагІи.**

**Газеталъул жакъасеб номералда кьолеб буго, чІахІияз бицунеб рагІун, дидаго ракІалда чІараб ва гьединго Гьонода росулъ гьесул гІагарлъиялъул чи, мунагьал чураяв Шамхаласул МухІамадица бицараб хабар.**



ГІалихъилич

### Король гьудулзаби

ГІалихъилич Чупанов гьавуна Гьонода росулъ. Гьев гьавураб соналъул ва къо-моцІалъул мухІканаб баян гьечІо. ХІисаб гьабидал, гьеб букІине ккола гІага-шагарго XIX гІасруялъул тІоцебесеб бащалъи. Гьесул эмен Чупанги ккολаан Гьонодаса. Биценалда рекъон, гьесул мина букІун буго гьабсагІат росдал годекІан бугеб бакІалда нахъа. ГІалихъилич гьитІинав чи вугеб мехалъго гьесул эмен хун вуго росу тун къватІиве араб бакІалда. КъватІив вукъунги вуго. Гьелъие нугІлъи гьабула, цебе букІараб гІадаталда рекъон, гьевго гІадин, къватІир хварал чагІазул заназда гьоркьоб гьесиеги зани чІван букІиналъ росдал тІасияб авалалде сверулеб бакІалда, нухлул ракьанда.

ГІалихъилич ккана гурхІаразул цІобалде. Гьес гІемераб заман бан буго корохъгун гьабихъ жиндиего кваназе жо балагьун бетІербахъи гьабулеб. Лъимерлъиялъул заманалда гьесул вукІана живго гІадав, язихъаб мискинлъиялъул гьудул ЧІегІерчил ГІумар. ГІалихъиличил «Король гьудулин» абулеб букІун буго гьесда. Гьесул (ГІумарил) хІакъалъулъ нилъеца дагьаб хадуб бицина.

ГІалихъиличил ункъгІал йикІана Хунзахъ росасда. Гьонода гьесул бугеб квачІакъаб хІалги рагІун, гьесул ресукълъиялдаги гурхІун, гьитІинав чи жиндаго аскІове хьихьизе вачун вуго гьелъ ГІалихъилич.

Жиндирго лъималги рукІинчІого, хьихьизе вачарав ГІалихъиличие гьез кьола, гьес жинцаго хьихьизе букІине, хъирис бараб хІалакъаб тагьи. Гьес гьеб хвалдаса хвасар гьабула ва лъикІго хьихьиялъул хІасилалда гьелъул лъугьуна цІар араб бекерухъан.

Гьанже гІадин, доб заманалдаги тІоритІулел рукІун руго сверухъ росабалъа чотІахъабиги ахІун, чуял т1амиялъул къецал. Цо соналъ гьениб чуги бекеризабун, ГІалихъиличица босун буго тІоцебесеб бакІ. Бергьенлъи босаралъухъ гьесие щун буго бацІцІадаб хъахІаб гІарцул сагІат. Чуги бекеризе биччан, ГІалихъиличица гьединал сайгъатал чанцІулго росун руго хадурги.

Бицен буго ГІалихъиличица гьеб чу херлъун, билълъине кІвеялдаса араб мехалъги, жив ресалде вахиналъе сабаблъун ккараб букІанинги абун, чоца 22 сон бараб мехалъги, гьоркь тІамизе бусенги гьабун, тІад юргъанги бан тІалаб-агъаз гьабун хьихьун бугин хвезегІанилан.

Балугълъиялде вахун хадуб жиндирго бугеб ресалдаса пайдаги босун, ГІалихъилич цІалун вуго гІурусазул аскаралъул рагъулаб училищеялда. Гьеб лъугІун хадуб гІемер заманалъ гьев вукІана пачаясул аскаразул нухмалъулевлъун. Нусил аскаралъул командирлъун вукІаго, гьесие щун букІана полковникасул цІарги.

ГІурус пачаяс ГІалихъиличида хадуб бухьинабун букІун буго лъарагІлъиялда ругел: Хушет бахун, югалдехун рахъалдаса бахъараб, Ялгъиналда тункизегІан чанго азарго гектар ракьул.

Гьелъие нугІлъи гьабула лъабго батІияб профильнияб документалда бахъараб, пачаясул югалъул кадастровияб отделалъ тасдикъ гьарурал картабазги. Гьел (картаби) жакъа къоялъги цІунун руго Гьонода росулъ ГІалихъиличил наслуялъул чи Шамхалов МухІамадил рокъор. Гьелда тІад хъванги буго гьелъул цо экземплаяр цІунун бугин Тифлисалъул пачалихъалъул архивалдаян. Гьелда рухьинарурал цоги документалги руго гьезда цадахъ.

ГІалихъиличил гьел гурелги рукІана ракьал магІарухъги – Хунзахъ, Гьолокь ва живго бетІергьанаб гІи-боцІи хьихьулел мугІрулги. Гьелъие нугІлъи гьабула, гьакьадерил кьо бахун добехун, бакъудехун рахъалда бугеб ахалъ. Гьелда гьабсагІатги «ГІалихъиличил ахилан» абула. Гьединго гьабсагІат Гьолокь консервал гьарулеб завод бараб бакІги гьелда аскІоб букІараб жеги кІиго ракьул участокги букІана ГІалихъилич бетІергьанал ракьал. Хунзахъ росулъги гьесул гІезегІанго рекьулел ракьал рукІиналъе нугІлъи гьабула, Шамхаласул МухІамадихъе, XIX гІасруялъул ахиралдаги Хунзахъ росулъа гьесул хуриб мина базе хІалаллъи тІалаб гьабун чи вачІун вукІиналъ.



ГІалихъиличил ГІабдулмажидил васал: Насрудинги (квегІиса), СагІадулаги

ГІалихъиличил холеб заманалда букІана гІага-шагарго 70-75 сон. МухІканго гьев хвараб сон лъазе кІоларо. Хвана Хунзахъ росулъ, вукъунги вуго гьезул басриял хабзалалъ.

### ЧІегІерчил ГІумар

Гьанже бицинин ГІалихъиличил «Король гьудул» ЧІегІерчил ГІумарилги ГІалихъиличилги сонал ун хадуб ккараб дандчІваялъул хІакъалъулъ хабар.

Балугълъиялде вахун, хъизанлъимал гІураб заманалда ЧІегІерчил ГІумарги гьесул лъабго гьалмагъги унел рукІанила, цере хІамулги къотІун, хасалоялде кваназе цІоросаролъ босизе Чачаналде. Хунзахъ росдал рагІалда бугеб хІорихъе щвараб мехалъ, гьенир рещтІун руго. ГІумарида ракІалде щванила жиндирго «Король гьудул» ГІалихъилич.

Гьес гьалмагъзабазда абун буго: «Гьадав ГІалихъилич вукІана гьитІинаб мехалъ дир цІакъ ракІбащадав гьудул. Дов кин вугевали цІехезе бокьун буго», - ян.

- Аваразул ханлъуда вугев ГІалихъиличил гьанже дуде регІараб хІалги батиларо, гьитІинаб мехалъ букІараб гьудуллъиги гьесда кІочон батила, мун къабул гьавилевищалиги лъаларо. ИнчІого лъикІ мун эсухъе, - ян абун буго гьалмагъзабаз.

- Валлагь, ГІалихъилич цІехечІого, ракІалъ къабул гьабулеб гьечІо, - янги абун, ЧІегІерчил ГІумар ГІалихъиличил кавудахъе щун вуго.

Азбаралде лъугьиндал, гьесда дандчІвай гьабула ГІалихъиличил рагьдателас. Кин-щибилан цІехедал, ГІалихъилич рокъов вугищин гьикъула ЧІегІерчил ГІумарица.

- ГІалихъиличги рокъов вуго, тІасарагъида, шагьаралдаса рачІарал гьалбадерилгун хабар-кІалалда, дуде регІараб хІалги гьабсагІат гьесул гьечІо, - ян жаваб кьола рагьдателас.

Жив цІехолев ГІумарил гьаракь, чанго сон ун букІаниги, ГІалихъиличида батІабахъизе лъала. Гьев хехго тІадеги вахъун, ГІумар къватІиве иналде, хех гьабун, болъодухъа гьоркье векерун вуго ва «вай дир король гьудул, дир король гьудул» абун ГІумарида тІад хурхун вуго.

ГІалихъиличица ГІумарги тІаде вачун вуго, гьесул гьалмагъзабиги жанире рачеян рагьдателасда тІадкъан буго.

Нахъияб къоялъ гьел Чачаналде риччан гьечІо ГІалихъиличица. Рагьдателаздаги лъазабун буго хІамида тІад лъабго ролъул хъапги къан, цадахъ цо-цо гьанал хамалагги кьун, гьалмагъзаби нухарегІеян. ГІумарги, лъабго къо инегІан, гьоболлъиги гьабун, жиндаго аскІов чІезавун вуго.

ЛъикІаб гьоболлъиги гьабун, добго ролъги хІамида къан, тІаде гьанал къулагІабиги кьун, гьелда течІого тІингъие жоялъе чахъдал лъикІаб цо-цо тІехьги, цоги къваригІарабги кьун, жиндирго гІорцІенги цадахъ битІун, ЧІегІерчил ГІумарги рокъове витІун вуго.

### ГІабдулмажид Чупанов

ГІалихъиличил хІакъалъулъ биценазулъ жиндир цІар гІемер рехсон гьечІониги, ГІабдулмажид гІадамазда лъалаан ГІалихъиличил цо вугев вас гьев вукІин. Гьесул кинабго буголъиги жинде буссарав, гьелда тІад кверги лъурав чи



ГIалихъиличил васасул лъимал

хIисабалда.

Биценалда рекъон, ГIабдулмажид вукIун вуго саяхълъи бергьарав, руччаби хирияв чи. Гьелъие нугIлъи гьабула доб заманалда Аваристаналда цIар ргIарай кочIохъан ГьаракIуниса ГIайшатида кечI ахIеян ГIабдулмажидица гьаридал, гьелъ гьесде гьарун рикIкIарал кочIол ргIабаз.

ГIабдулмажидил Хунзахъ йигей чIужу гурейги, Темирхан-Шурайги йикIун цо йокьулей, лъаргIай. Гьелда цIарги букIун буго Баху. ГIабдулмажидилги лъаргIалъулги бугеб гьоркьоблъи лъайдал, вацаз гьелда лъазабун буго духъе ГIабдулмажид хьвадулев вугони, жидеца гьевги, гьесда цадахъ мунги чIвазе ругин абун. Иргадулаб нухалъ ГIабдулмажид вачIиндал, «вацаз дунго чIваялдаса, дица ГIабдулмажидго чIван лъикIилан», кьижараб бакIалда каранлъ кIвекьмаххги къазабун, чIвала гьелъ ГIалихъиличил цо вукIарав вас.

ГIабдулмажид гьенив вукьичIо, гьениса Хунзахъеги восун, росдал хабалалъ вукъун вуго.

ГIабдулмажидил букIана анлъго лъимер – кIиго васги ункъо ясги. Васал – Насрудин ва СагIадула, ясал – Равзат, Ханика, ФатIимат ва Савдат.

Насрудинилги СагIадулалги рахъуна доб заманалда лъикIаб исламияб лъай щварал гIалимзаби. СагIадулагьил чIужу йикIана ХIоцоса Нажмудинил яс ПатIимат. Амма Совет хIукумат бергьараб, мугIрузул Дагъистаналда гьезул идеология щулалъизе байбихьараб заманалда гьелъул къурбаналлъун ккана гьел. 1930-абилел соназ, цоцада хадур гIадин ккун рачун арал, тIокIалъ нахъруссинчIо. Гьезул хвелрахъин, я рукъараб бакI лъаларо. Гьедин лъугIана ГIалихъичил васасул васазул къисмат.

Ясазул къисмат батIияб ккана. Бищун кIудияй яс Равзат йикIана Хунзахъа Хъарагишил МуртазагIалида росасда.

Равзатил йикIана кIиго яс – Сиядат ва Салтанат. Сиядатил рос вукIана Гиничукъа ХIайдарбегов Мансур. Салтанатил рос ккколаан Гьонодаса АхIмадханов Насир.

Сиядат хвана ва юкъана МахIачхъалаялда. Яс Залмуда аскIоб буго гьелъул хоб. Салтанат хвана ва юкъана Гьонода росулъ.

Ханика росасда йикIана Гьонодаса революционер АхIматIил МухIамадихъ. ХIинкъараб заманги букIун, Совет хIукуматалъ хадуб хъаравуллъи кколеб, парахалъи гьечIеб мех букIиналъ, жийго гьелдаса цIунун йикIине ун йикIун ятулин гьей АхIматIил МухIамадие абураб пикру загьир гьабулеб буго Шамхаласул МухIамадица жиндирго хьвай-хъвагIаязда. Ханикаца лъебергогIанасеб сон бана Гьонода.

АхIматIил МухIамад ккун вачун ун хадуб ва гьесул къисматалъул хабар къотIараб мехалъ, 1956 соналда Ханика ана Гиничукье, жиндирго яцалъул яс Сиядатида аскIое. Сиядатица тIалаб-агьазги гьабун, гьенийго чIарай гьей, тIокIалъ Гьоноде нахъюссинчIо. Гиничукь хвана ва гьенийго юкъана.

## ФатIимат ва Савдат

ГIабдулмажидил бищун гIисинал ясал - ФатIиматги Савдатги росасда рукIана ГьитIинаб ГьоцIалъ. Амма гьез ГьоцIалъ гIемераб заман бачIо. Вацал Насрудинги Садулаги ккун рачун индал, гьезулго гIадаб къисмат жидергоги ккелин хIинкъун, россабаз гьел нахъе ритIула. Гьел нахъруссуна Хунзахъе. Гьенийго йикIуна цояй яц Ханикаги. Гьенив гьезул тIалаб-агьаз гьабизе чи вукIунаро, цохIо инсул рахъалдаса Гьонода вугев гIагарав чи АхIмадханил Шамхал гурони. Эбелинсул рокъоса къватIиреги рахъинарун, Ханикаги, ФатIиматги, Савдатги мадугьалихъ вугев ГIамма абулев чиясул рокъор гIумру гьабун рукIуна. ГIалихъиличил ясазул бугеб ахIвал-хIалги лъан, хадур чагIиги ритIун, гьес Гьоноде рачун рачIуна лъабайго яц.

Жиндирго рокъор гьелги тун, гьезие тIагIамбахъи гьабизе бокьиларин абун, хъизан-лъималги рачун Шамхал вахъуна умумуз гIумру гьабулеб букIараб ТIасамагIарда бугеб мархъуде.

ТIадехун бицухъе, Ханика, яцалъул ясалъухъе – Сиядатихъе, Гиничукьеги ун, гьений хвана ва юкъана. ФатIиматги Савдатги 1950 соналъул ахиралда, цере-хадурго гIадин хвана. Гьел кIиязулго хоб буго Гьонода росдал хабалалъ.

Гьонода ГIалихъиличил вукIана АхIмадхан абун вацгIалги. ТIокIцIар хIисабалда гьесда абулаан Андамилазул АхIмадхан абун. ГIажаибаб къисматалъул инсан вукIана гьевги. Гьесул хIакъалъулъ нижеца гIатIидго бицина газеталъул хадусел номераздa (иншаАллагь).

*Ашахан ЮСУПОВ*

# Чупанилазулгун Парилазул минаялъул балъголъи

**РатIлил выставка бихьизабураб Хунзахъ бугеб музей ккола Чупанилазул ГIалихъиличица 1876 соналда жиндиего бан букIараб мина. Эмен Гьонодаса, эбел Хунзахъа кколаан гьесул.**

**Гьелъул хIакъалъулъ газеталъе гьадинаб баян кьолеб буго Хунзахъ районалъул тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул гIелмияв хIалтIухъан Шамил ГIалиевас:**



- ГIалихъичил эбел-инсул хIакъалъулъ батIи-батIияб куцалда хъван буго чанго бакIалда. Масала, гьел кIиялго хун хадув имгIалас вачанила ГIалихъилич Хунзахъеян буго цо бакIалда. Цогидаб бакIалда хъвалеб буго, эмен хведал, эбел, васги вачун, Хунзахъе тIадюссанилан.

Бечедав имгIал вукIуна ГIалихъиличил. Гьес гьесие ячуна гьединабго бечедаб тухумалдаса - Хунзахъа Парилазул яс. Гьединлъидал гьанжеги хундерица гьеб минаялде Парилазул рукъзалин абула. ГIалихъилич Шамилил заманалда наиблъун вукIуна, хадув цIализеги витIун, пачаясул армиялъул полковниклъунги Авар округалъул Хунзахъ бугеб участокалъул начальниклъунги вахъуна. Гьединлъидал ГIалихъилич цIакъ ресалде вахун вукIуна.

XIX гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялда рарал минабазул бищун кIудияб ккола гьеб - 850 кв.м.

Гьелъие чIалаби ЗагIиса оцаздаги ран эхеде рехьерхъулаанила ГIалихъиличица. Цо заманалда цояб оцол бох унтун буго. Гьеб мехалда оцол бакIалда живгоги чIун цIан руго гьес гьел Хунзахъе щвезегIан.

ГIабдулмажид абун васги вукIун вуго ГIалихъиличил. Амма гIемерисеб мехалда гьеб минаялъур гIумру гьабун васасул васал рукIун руго - Садулаги Насрудин. Гьезул лъудби ккколаан ХIоцоса Нажмудинил кIияйго яс. Гьединлъидал ХIоцоса Нажмудин гIемер щварал рукъзал руго гьел. Гьес как балеб букIараб рукъгицин буго гьениб. ТIоцебе Дагъистаналде бачIараб кIиго фотоаппаратальул цояб ГIалихъиличил рокъоб букIун буго. Гьелъ бахъараб суратги буго (тIубараб хъизанги рагьида чIун).

Хадуб революциялъул заман тIаде щвейгун, кодоса бахъун кинабго буголъигун, чIван руччаби-лъималгун, балагь рещтIинабула гьезул хъизамалде. 1920 соналда чIвала Насрудин, 1926 соналда - Садула.

Гьезул гьеб минаги Совет хIукуматалъ артелалде сверизабун букIана - 1936 соналдаса 1989 соналде щвезегIан. Гьелъги батила гьел рукъзал чIунтичIогоги хутIарал. Гьоб заманалдаса нахъе щибниги хисун гьечIо гьениб.

Цинги реставрацияги гьабун, Хунзахъ районалъул музей гьенибе бахъана 1993 соналда.

**- ГIалихъиличил наслуялъул чагIи дагьалниги хутIун ратила гурищ, гьез нахъе тIалаб гьабулеб букIинчIищ гьеб?**

- РукIана гьедин гьабизе бокьарал чагIи. Судалдегицин ишги ккун букIана. Амма лъилниги тIадкIалъай букIунареб куцалда документ гьабуна гьелъул. Гиничукъа Мансурил вас ХIайдарбег кколаан ГIалихъиличил васасул яс Равзатилги яс Сиядатил вас. Гьес официалияб куцалда гъулбас лъуна Чупанилазул (Парилазул) мина жидеца музеялъе кьолеб бугин абураб кагътида гьоркь.

Дица цебехун щибниги хисун гьечIин абуниги, лъикIалан ремонт гьабизе кколеб хIал буго гьеб минаялъул. БакI-бакIалъа риххизе къачIан къадал руго, тIох буго гIекколеб. Михир бачунеб тIох букIун, цо заманалда махх ккун букIана гьелда тIад. Цинги реставрация гьабулебилан, маххги бахъун, шифер ккуна. Гьединго гьенир гьечIо хасало хинлъи (отопление) чIезабизе ресалги цогидал санагIалъабиги. Гьеб киналъего бюджеталдаса гIарац биччаян Владимир Путинихъецин кагъатги хъван букIана нижеца. Лъаларо, балагьилаха, кида гьелъие рес рекъелебали.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Зульфия ХIАЖИЕВАЛЪ*

# «СагIудияз хIажизаби къварид гьаруларо»

**Социалиял гьиназда тIибитIун букIана хIеж борхизе арал цо-цо дагъистаниял, закон хвезабулеб бугинги абун, СагIудиязул ГIарабиялъул низам цIунулез улкаялдаса къватIире гъолел ругин абураб хабар. Туристазулаб визаялда рекъон СагIудиялда ругез хIеж борхизе бегьуларин, гьелъие хасаб виза къваригIунин абун бицунеб букIана социалиял гьиназдасан тIибитIизабураб роликалда.**

## ХIеж-виза гьечIони...

Социалиял гьиназдасан хIажизабазул хIакъалъулъ тIибитIизабураб роликалда бан, ДРялъул Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ кьураб баяналда хъван буго:

«Щибаб санайил, хIежалде гIадамалиналдецебе,халкъалдахIежалъул къагIидабиги хIеж-компаниялъул низамалги ричIчIизаризелъун данделъаби тIоритIула министерствоялъ. ХIежалъул заманалда СагIудиязул тIалъиялъ визаби кьола хIажизабазе. ХIеж тIубазе байбихьилалде, туризмалъул визабигун рачIарал къватIисел улкабаздаса гIадамал гьениса нахъе ине ккола. Гьеб низам хвезабун букIун батизе бегьула исана хIежалде гIадамалгун арал цо-цо турфирмабаз. ГIемерал соназул хIалбихьи бугеб, ДРялда хIежалъул суалал тIуразе тIаса бищараб цо туроператор буго. ХIежалъул суалал тIуралел цогидал турфирмаби Дагъистаналда гьечIо», - ян.

Визаялъул низам хвезабуразе гьабулеб тамихI кьваризабун бугин СагIудиязул ГIарабиялда абун хъвалеб буго Дагъистаналдаса хIежалде унезул суалал тIуралеб турфирмаялъул сайталдаги:

«ХIежалъул заманалда (2-20 июналда) ихтияр (хIеж-виза) гьечIого Макка шагьаралда ратаразда тIаде къотIула 10 азарго риал (2700 доллар) гIакIадул. Гьеб низам хвезабурал хIажизаби жидерго улкабазде ритIула ва цIидасан СагIудиялде рачIине гьезие изнуги кьоларо.

Гьединго, низамги хвезабун, хIажизаби гьенире рачунезе тамихI жеги кьварараб букIуна, хIатта анлъго моцIалъ туснахъ гьаризе рес буго ва 50 азарго риал гIакIа къотIула», - ян.

Федералияб таможняялъул хъулухъалъул баяналда рекъон, исана Северияб Кавказалдаса хIежалде ана 16 азарго чи. 2023 соналда Дагъистаналдаса хIеж борхизе ун вукIана 11000 чи.

## Турфирмабазул къецищ яги уяб хабарищ?

ХIежалъул виза хираго чIолеб букIиналда бан, учузго чIолеб туризмалъул визаялда рекъон, СагIудиязул ГIарабиялде цереккунго ана исана цо-цо дагъистаниял. ХIеж борхизе ккани, чара гьечIого хIежалъул виза хIажалъулин абураб



тIалаб буго сагIудиязул. Гьединлъидал, хIежалъул заман байбихьарабго, тур-визаялда рекъон улкаялде рачIун рукIарал къватIисел пачалихъазул гIадамал нахъе ритIулел рукIиналда бан, гостиницаялдецин тIадруссинчIого, рахчарулел ругин хъвалеб буго социалиял гьиназда. Гьедин хIежалде аразе квалквал ккезе бугищха? Гьелъул хIакъалъулъ цIехон, нижеца бухьен гьабуна тур-визаялда рекъон цереккунго гIумраялдеги ун, хIеж борхизегIан гьенирго чIарал цо-цо дагъистаниязулгун.

**ПатIимат:** *«Гьанире щведал, рохелги пашманлъиги жубараб асар букIана. Рохел букIана Авараг хьвадараб, гIумру гьабураб ракьалде щвеялдаса. Пашманлъунги йикIана гьанжелъизегIан щайдай инчIого чIарайин абураб.*

*ГьанжелъизегIан зияратал, гIумраби гьаруна. Гьанже хIеж гьабиялъухъ балагьун руго.*

*АхIвал-хIал кинаб бугебин абуни, щибго къварилъи букIинчIо. Дагьал къоял рукIана рахIат хварал, документазул, рачIунел-унезул халгьабулеб бугин ахIи бугел. Интерненталда бицунеб хIалалда ахIи-хIурги бихьичIо. Чанго миллион чи вачIунеб бакIалда гIадлу чIезабизе ккани, полицияги цогидал гIуцIабиги къватIире рахъине ккеларищ? Гьелдаса пайдаги босун, ахIи бахъинабун батилин тола дица».*

**Хадижат:** *«Исана гьаниб дагьаб кьваризабун буго. ХIеж гьабичIев чиясе гьеб борхизе сагIудияз кинабгIаги квалквал гьабуларо. Россиялъул гIадамал гьазие рокьула, хасго дагъистаниял. Цониги чи гьаниса къватIивеги витIичIо. СагIудиял руго цIакъ лъикIал гIадамал. Нилъерго гIадамаз, цо-цо фирмабаз цебе хIетIе кколеб буго. Цоцазде бугеб жахIдаялъ гьез гьечIебги ургъун бахъулеб буго, гIадамазда гьоркьоб ахIи-хIур бахъинабизелъун. Руго гIадамал хIежалде ине бокьарал, амма гIемераб гIарацги кьун хIеж борхизе рес гьечIел. Лъале-хъвалез дида гьикъулаан дагьаб учузго хIеж борхизе рес букIунеб хIал рахъинищан. Исана гьедин гIемерав чиясе рес щвана цо-цо фирмабазул кумекалдалъун хIеж тIубазе. Дир пикруялда, сагIудияз гьединал чагIазе хIеж гьабизе гьукъуларо, жидехъа бажарараб кумек гьабула».*

## ХIеж борхи - аслияб мурад

ХIеж-визаялъул низамал щайха нилъер гIадамаз хвезарулел ругел? Гьеб суалалъе жаваб кьуна хIеж борхизе учузаб къагIида батарал хIажизабаз. Гьез бицана туристал гIадин ани, хIежалъул багьа учузго чIолеб бугин. Масала, хIеж-визагун цадахъ путевкаялъул багьа бахунеб буго – 4790 доллаоалде (462 азарго гъурущ), тур-визаялда рекъон гIумраялде, хадуб хIежги борхизе ниятгун унез кьун буго – 300 азарго гъурущ. ПалхIасил, гIадамаз жидеего санагIатал ресал ратулел руго.

ХIеж-визаялда рекъон цогидал регионазул туроператораз ричулел путевкабазул багьаги гьединабго буго. Цогидал улкабазул бусурбабазги гьединабго къадаралда кьезе ккола путевкаялъухъ гIарац. Масала, Тажикистаналда исана хIеж-визаялъул багьа – 473 азарго (57 тыс сомони) букIана. 2023 соналде дандеккун Тажикисталалда 2 азарго сомониялъ (16, 600 гъ.) учузлъун буго хIежалде иналъул багьа. 2022 соналда гьеб жеги хираго букIана - 61 азарго сомони (506 азарго гъурущ). Гьезул СМИязги хъвалеб буго хIеж-виза гьечIел хIажизабазде гIакIа къотIулеб бугин абун.

«СагIудиязул низамал хвезари гуребги, хасаб виза гьечIого гьабураб хIеж рикIкIунарин абулелги камуларо. Чорхол къуватги, нухлул хIакъ тIубазе ресги бугев бусурбанчиясда тIадаблъун бихьизабун буго хIеж. Аслияб жо - диналъул къанунazда рекъон, исламалъул щуабилеб рукну тIубай. Нижее хIажат гьечIо санагIалъабиги шартIалги. ХIеж борхи буго нижер мурад», - ан бицана телефоналдасан бухьен ккурай дагъистаниялъ.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# ГIидалъул къо «кIодо гьабун» рахунел багьаби

Гьале тIаде щолеб буго Къурбан къо. Щивав бусурбанчияс гьеб къоялдаса жидее пайда босизе яхI бахъула. Цояз садакъа бикьун, Аллагь рехсон ва Аварагасде салават битIун, цогидаз дунялалъул магIишаталда хадур хапдолаго. Хириял къояз гьабулеб гIамал базаргабаз Къурбан къоялъги рехун толеб гьечIо.

Хирияб къоялде ургъунго багьаби рахинарулезда щиб абулеб исламалъ? Гьеб иш какуниц бугеб яги бокьараб багьаялде бичизе боцIул бетIергьанасул ихтияр бугин абуниц толеб? Диниял хIаракатчагIаз, имамзабаз вагIзаби гьаруларищ гьеб суалалда бан?

Гьел суалазе жаваб кьуна «Ас-салам» газеталъул редактор ГIабдулагь-хIажи МухIамадовас: «КигIанго рохалилаб хабар гьечIониги, Дагъистаналда камулелгьечIо исламалъул кIиябго гIидалде цебе ричарухъабаз къайиялъул багьа бахинабиялъул хIужаби.

Исламалъ беццулеб иш гьеб гуро. Гьеб ккола, динги гьоркьобккун, дунял гIуцIи. Гьеб иш какун буго исламалъ. Адам аварагасда Аллагьас малъун руго кинаго махщелал ва абун буго дунял гьаздалъун гьабейин, дин гьоркьобккун дунял гьабугейин абун.

Гьайгьай, гьелъул хIакъалъулъ мажгитазда имамазабазги гIемер бицуна. ДаранчагIазда дагьаб рикIкIадаса гурони рагIулеб гьечIо гьеб. Аллагьас кьеги киназего битIараб нухде рачIине кантIи», - ян.

ГIажаиблъизе бачIуна гIидалъул къоялде кириги цIикIкIине диналъул вацалгун яцазе бигьалъиги букIине учузго кьезе бегьулеб бакIалда багьаби рахинарулел гIадамазда.

Масала, цо-цо росабалъ чIагояб цIайиялъул гьанал (гIиялъажо) килограммалъул багьа 350 гъурщиде бахун буго. Къурбан къоялде гьан бичулел СПКяз абулеб буго жидеца гьеб гIадатияб багьаялде бичулин. Росабалъ боцIи хьихьулез абула жидецаги цогидазго гIадин бичулин. Масала, ГIахьвахъ районалъул росабалъ хъураб гIиялъажоялъул бацIцIадаб гьанал килограммалъухъ – 550-600 гъурущ босулеб буго. Цо гIиялъажоялъул гьоркьохъеб багьа 15-22 азарго гъурщиде бахунеб буго.

Къурбан къоялде хъолеб хIайваналъул багьа бахинабун бугин абуниги, гьеб гьедин гьечIин абулеб буго бичизе боцIи хьихьулез.

**«Джурмут» СПКялъул председатель (Бабаюрт) Къурбан МухIамадов:**

«Къурбан къоялде нижехъа цебеккунго босула хьвезе жо. Босулев чияс ниж вакил гьаруна жидедасаго Къурбан хьвезе. Хъураб жоги закализда рекъон, щивасул рокъобе щвезабула. ЧIагояб цIайиялъул гьанал кило – 330 гъурщиде кьола. ТIаса бищараб гIиялъажоялъул цIайиги батIибатIияб букIунелъул, цоялъул багьа 13-22 азарго гъурущалде бахуна».

ГIадамазе щибго кваквал ккеларедухъ, къурбан хьвеялъул иш тIаде босула «Инсан» фондалъ. Къурбан хьвезе бокьарав чияс, гьенибе гIарацги рехун, тIубалеб буго иш. Масала, фондалъ Къурбан хьвезе хасаб бакI хIадурулеб буго, киналго шартIалги гIуцIун. АхIулел руго гьенире шаргIалда бихьизабураб къагIидаялъ гIиял хьвезе лъалел гIолохъаби. Цо-цо гIиялъажо хъуралъухъ, гьан бикьулеб ва рокъобе босизе бегьулеб хIалалда къачIаралъухъ гьезие кьолеб буго 500 гъурущ. Цо гIиялъажоялъул багьа 14 азарго ва цIикIкIун кколеб буго фондалдаса гьабуни.

***П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

# Гъумер бахчулеб гIадат букIинчIо умумузул

**МахIачхъалаялда гIумру гьабун вугев пенсионер Расулов ГIисаца редакциялде битIун бачIараб кагътида хъвалеб буго: «Ахирал соназда МахIачхъалаялда гIемерлъун руго чIегIераб ратIлица черхги гъумерги бахчарал руччаби. Дир хIисабалда, гьеб нилъер халкъалъул гIадатгIамалалде данде ккolareб иш буго. Дагъистаналъул халкъазул руго жиде-жидер ратIлил формаби. Щай нилъеца гьеб ретIине бегьулареб? Масала, чачаназ ретIула жидерго миллияб ретIел. Гьенир гьечIо гъумер бахчарал руччабиги. Рамзан Къадировасги лъазабуна гъумер бахчараб ретIел ретIине гьукъараб бугин абун. Гьединго чачаназул муфти СалахI Межиевасги лъазабуна гъумерги кверaлги гIаврат кколарилан. Гьединлъидал бокьилаан лъазе руччабаз гъумер бахчи исламалъул тIалабищ яги цо лъица бугониги ургъун бахъараб модайищ кколебали?»**




Германиялъул ARD басмаялъ хитIаб гьабуна Къагьиралъул аль-Азгъар университеталъул диниял хIукмабазул советалъул генералияв секретарь Халед Омранихъе, руччабаз паранжа, никаб ва гьединабго тайпаялъул ретIел ретIине кколеб кьагIидаялъул баян кьолеб калам гьабеян.

- Къуръаналъул ва суннаталъул тIалабазда рекъон, руччабазул ретIел букIине бегьуларо тIад къараб, лага-черх цебе лъураб. Амма кверaлги гъумерги бахчизе кколин абун хъвараб бакI гьечIо, - ян бицунеб буго Халед Омраница. - Гьединлъидал, нижер пикруялда, гъумер бахчи ккола гIадатлъун лъугьараб низам. Гъумер бахчи тIадаблъун гьабун букIана свалат-салам лъеяв МухIаммад аварагасул лъудбузда. Гьеб букIана гIицIго аварагасул лъудбуздехун хIалтIизабулеб букIараб къагIида. Амма бусурбанал цогидал руччабазда гьединаб низам цIуни тIадаблъун гьабун гьечIо.

Гъумер бахчулеб ретIел ккола салул авлахъазда гIумру гьабулел гIадамазул гIадат. Цо-цо гIалимзабаз абулеб буго никабалъ чIужугIадан бихьиназул тохал беразда-са цIунулин. Цогидаз абула, гьеб кколин цIакъго диналде руссарал чагIазул пикруян.

Гъумер бахчулеб ретIел ретIунеб гIадат баккиялъе ккарал гIиллабазул бицунаго, гIалимчи МухIамад Садриевас абуна:

- Цо-цо руччабаз гьеб ретIуна исламалъул тIалаб цIунулеб бугинги абун. Цогидаз - мода хIисабалда. Гьеб гуребги, гьезие рес букIуна никабалъ жидерго чорхол гIунгутIаби рахчизеги. Гьедин ретIа-къарал руччабазда сверун бихьинал сентIоларо. Бусурбабазул цо-цоял улкабазда бихьинчиясул къадру цIикIкIуна лъадуца цIикIкIун черх бахчанагIан.

Къокъго абуни, никаб ккола салул авлахъазда гIумру гьабун рукIунел, ай гочарухъабазул ратIлил бутIа, салудаса ва хIуралдаса цIунизелъун, бихьиназги руччабазги гъумер бахчула.

**- Никаб гуреб, цоги кинаб ратIлица руччабаз гъумер бахчулеб, гьезда гьоркьоб бугеб батIалъи щиб?**

- Гьединаб ретIел ккола никаб, хIижаб, гъумер бахчулеб гурде (паранжа) ва бадибигъ (чадра).

Никаб ккола гIаба, гьелъ рагьун тола гIицIго чIужугIаданалъул беpал.

ХIижаб ккола ботIол расги, габурги, керенги бахчулеб кIудияб кIаз, амма гъумерги кверaлги рагьун рукIуна.

Чадра ккола цIакъ кIудияб кIаз, гьелъ бахчула бетIерги, габурги, черхалъул тIасияб рахъги. Нухда унаго, гьеб кверaз ккезе ккола.

Паранжаялъ бахчула тIубанго черх, гъумер бахчиялъе гьелда букIуна чол расул сетка, гьелда чачваниланги абула.

Гьебго масъалаялда бан, магIарул мацIалда къватIибе бачIунеб «Ас-салам» газеталда хъвалеб буго, Къуръан-хIадисалда мугъчIвайги гьабун, гIемерисел гIалимзаби тIадрекъанин, чIужугIаданалъ гъумерги кIиябго кверги тун, хутIараб бакI, росасда ва махIрамияв гурев чиясда цебе бахчизе тIадаб букIиналда.

«Жибго гъумерги кIиябго кверги бахчизе ккеялъулъ гIалимзаби рикьана кIиго къокъаялде. Масала, имам АхIмадил мазгьабалъул гIалимзабазги, имам ШафигIил мазгьабалъул гIалимзабазул цо бутIаялъги абуна росги махIрамиявги гурев чиясда цебе чIужугIаданалъ гъумерги кIиябго кверги бахчизе тIадаб бугилан.

Имам Маликил мазгьабалъул гIалимзабазги, имам АбухIанифал мазгьабалъул гIалимзабазги, имам ШафигIил мазгьабалъул гIалимзабазул цо бутIаялъги абуна чIужугIаданалда тIадаб гьечIила батIияв чиясда цебе гъумерги кIиябго кверги бахчизе. Гьез гьелъие рехсана гьадинал шартIал:

а) балагьарав чиясул хьул лъолеб хIалалда тIад жо бахун гъумер букIунгутIи, кьунсрул ретIун, кIутIби релъун ялъуни тIабигIияб берцинлъи бугони, цебе лъун;

б) берцин гьабун къачIан гьечIониги, жинде ралагьилилан ракIалде кколел фасикъал бихьиназда цебе лъунгутIи.

Гьаб кIиябго шартIалъул цонигияб батичIони, гьелда тIадаб буго гъумер бахчизе.

ПалхIасил, чIужугIаданалда лъалеб бугони къватIие яхъиндал жиндихъ хIарамаб балагьиялдалъун бихьинал ралагьулеблъи, гьелда тIадаб буго гъумер бахчизе. Эмен, рос, вац, вас камурай чIужугIаданги йикIунарелъул, гьелдасаги лъикI бихьиназул ахIвал-хIал гьездаги лъалелъул, нилъеца гьаб суалалде кIвар кьезе ккола», - ян хъван буго рехсараб газеталда.

***Нури НУРИЕВ***

## БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ

РакI-ракIалъулаб баркала буго 85 сонилаб ригьалде дун вахиналда бан дида баркарал гьудул-гьалмагъзабазе, дир рукIарал цIалдохъабазе, Гъизилюрт шагьаралъул администрациялъе ва цадахъ хIалтIулел коллегаби-адвокатазе, шагьаралъул судалъул хIалтIухъабазе, дир хIакъалъулъ нужер газеталда макъала хъварай ХIуризада Камаловалъе.

Щулияб сахлъи, рекIел мурадал тIурай ва кинабниги лъикIабщинаб гьарула дица киназего.

Гьелдаго цадахъ, газеталда бахъараб макъалаялда тIадежубазе бегьилаан гьадинаб баянги: 1971 соналъул апрель моцIалдаса 1973 соналъул август моцIалде щвезегIан дун хIалтIана ДАССРалъул Лъай кьеялъул министерствоялда инспекторлъун. Гьелъие нугIлъи гьабула дица нужехъе битIулеб бугеб гьаб макъалаялъги.


СРЕДИ ЛУЧШИХ ИНСПЕКТОРОВ

Журнал „Народное образование" 1973 г. №1 Орган Минпрос СССР

От учителя сельской начальной школы до инспектора Министерства просвещения Дагестанской АССР — таков путь, пройденный Ахмедбеком Кадилаевичем КАДИЛАЕВЫМ за 16 лет педагогической работы. Годы эти были заполнены упорной учебой и напряженным трудом. В 1957 г., будучи учителем начальной школы, А. Кадилаев поступил на филологический факультет Дагестанского государственного университета имени В. И. Ленина. После успешного окончания его преподавал русский язык и литературу в средней школе, затем последовательно занимал должности инспектора районо, директора средней школы, заведующего районным отделом народного образования. В 1971 г. А. Кадилаев был выдвинут на должность инспектора Министерства просвещения. Глубокие знания, педагогический опыт и организаторские способности позволили ему успешно освоить новые обязанности, стать авторитетным наставником учителей и руководителей школ высокогорных районов республики.

***Саламгун КЪАДИЛАЕВ АхIмадбег,***
***Гъизилюрт шагьар***

### ГIедегIуге

Щибаб жоялъе букIуна жиндижиндир заман. Метер ккезе бугеб жакъа кинго кколаро, жакъа ккезе бугеб жакъаго ккечIогоги хутIуларо. Нилъеца гIемер бицуна метер ккезе бегьулелъул хIакъалъулъ, ургъалилъ къан рукIуна ккелищ-ккеларищали, бачIинищ-бачIинарищали лъалареб метерисеб къоялъул пикрабиги гьарулаго. Гьединал ургъалабаз, пикрабаз бакIлъизабула бетIер, чорок гьарула пикраби, лъугьуна рахIатхун ва цо гьитIинабго бугониги галиялъ рикIкIад гьарула талихIалдаса. Ккеле-ккелареб, букIине-букIинареб лъалареб жо сабаблъун щай къварилъахъдизе кколел? Щай хIинкъулел нилъеда жеги бихьичIеб жоялдаса? Гьеб буго шайтIаналъул хIалтIи, ай гьелъие бищун бокьулеб къагIида: нилъ ургъалилъе ккезари ва нилъер ццим бахъинаби. ТIадегIанав Аллагьасул хирияб Каламалда буго: «ШайтIаналъ рагIи кьола нуж мискин гьаризе…», - ян (2:268). ШайтIаналъ нилъер ракIазулъе рехизабула нуж мискинлъизе, нужеде батIи-батIияв балагьал рачIине рес бугин абураб пикру ва гьелъул мурадлъунги букIуна нилъер ракIазул рахIатхвезаби, Аллагьасе гьабулеб гIибадат мукъсанлъизе букIине, мунагьал гьариялде нилъ цIазе. Амма, хIакъаб жо, гьеб малгIун мурадалде щвезе гьечIо. Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун жакъа мун лъикI ватани, Ин ша Аллагь, метерги гьеб лъикIлъи дуда тIаса ине гьечIо. Хирияб Каламалда БетIергьанас абун бугелъулха: «Гьабураб лъикIлъи лъалелллъун ва рецц гьабулелллъун нуж ругони, Дица жеги цIикIкIинабила», - ян (14:7). Гьелъул магIна ккола нилъее кьураб нигIматалъухъ нилъ кидаго БетIергьанасе рецц гьабулелллъун, Гьесда гьарулелллъун, Гьесдаса кумек-квербакъи тIалаб гьабулелллъун рукIине кколин абураб. Нилъ божаралльуни рукIине ккола нилъер гьара-рахьи, дугIа БетIергьанас къабул гьабизе букIиналда.

Щибаб къойилго гIадин цо гIиси-бикьинаб жо сабаблъунги рахIатхун рукIуна нилъ. Гьедин рукIаго, гIемерисеб мехалда, нилъеда бихьулеб жоги букIана гIицIго сурукъаб ва квешаб рахъ. Дагьаб пикру гьабуни рахIатхвезегIадаб жоги гьениб батуларо. Амма инсанас жинцаго балагьула рахIатхвеялъе багьана, хIатта гьава-бакъ рекъараб гьечIин абунги толаро жиндирго ракI рахIаталда. Щибаб къойил гьедин, ай нодоги букIкIинабун кьунсрулги хучизарун вугев чияс жиндирго гIумру жинцаго бачуна къварибаб, бецIаб нухде ва аскIобго гвангъараб шагьранух букIин бихьизего бокьуларо. Гьединаз пикруго гьабуларо Аллагьасул хIалкIолъабазул, Гьесул хIикматазул, гьединав чи гьапуллъун хутIула Къуръан цIалиялдаса, гIибадат гьабиялдаса. БетIергьанас бижанциналъул, Гьесул тIадегIанлъиялъул ва хIалкIолъиялъул пикру гьабиги ккoлелъулха Аллагьасда божиялъул цо гIаркьел.

Цо-цо чагIи рукIуна кидаго хвалил ургъалида, щивав чияс хвалил лъълъар гьекьезе букIин хIакъаб бугониги. Гьелдаса щивго хвасарлъизеги гьечIо. Гьединлъидал гьелъул ургъалида рукIинчIого, нилъее лъикIаб буго гьеб къо тIаде бачIинегIан гьелде хIадурлъи гьабулел рукIине. Гьеб мехалда рукIуна нилъ талихIаллъунги.

# ХIажат вуго «Земский чабан»

**Гьаб заманалда гIи мугIрузде гочунеб букIиналъулги гьезие нухал кьварид гьарун рукIиналъулги гIемер бицуна. Нухазул кьварилъи букIиналъ цо-цо магIишатаз гIи баччулеб буго транспорталъул кумекалдалъунги. Гьеб киналъулго бицун, нижеца гара-чIвари гьабуна Гъунибрайадминистрациялъулросдал магIишаталъулотделалъул нухмалъулев АхIмад Хучировасулгун.**



**- АхIмад, исана мугIрузде гIи гочинабиялъул иш кин ккараб?**

- Исана мугIрузде гочинабуна Гъуниб районалъул 149126 гIиялъажо. Цо-цо рехьен - цебеги кьотIун, цогидал - машинабазда. ГIемерисел мугIрул руго нижеца ижараялъе росарал. Риидал гIи хIебтIизе мучIдулго хутIун гьечIо росабалъ. Минимуществоялдаги кIолеб гьечIо кьотIи-кьаял гьаризе, колхозазул заманалда рукIарал ракьал гьанже росдаца генпланалги гьарун, росдал мулкалде гъоркье рачун рукIиналъ.

Гъуниб районалъул росдал магIишатазул гьечIо риидал гIи кванабизе хутIарал бакIал. ГIемерисел ракьал руго администрациялъухъ, гьединлъидал щибаб соналъ ине ккола администрациялде ракьал гьаризе. Гьелги цо ккураб бакIалдаса щоларо.

**- Жиб-жиб магIишаталъул кигIанасеб гIи бугеб?**

- Агрофирмабазул буго 60 246 бетIер, КФХязул - 26 982 бетIер, УС-Хялъул - 61898 бетIер. Гьел киналго уна магIарухъе. Гьоркь щу-щу, анцIанцI жо хутIичIогоги букIунаро.

**- Гьеб гочинабизе кумек щолищ ва кигIан гIарац кьолеб кумек гьабуразе?**

- ГIи гочинабизе кIудияб кьварилъи буго нухлул. ГIи гочинабулел нухал руго кьварид гьарун. Гьенир бакIал ран руго. Гьединлъидал ине ккола нухазул бищунго кьварилъи бугеб рахъалдехун кумекалъе. ЧIечIого бухьеналдаги рукIуна обходчиказулгун. Гьедин абула гьезда, щибаб мухъалъул вукIуна обходчик. Нижеца кIвараб кумек гьабула гIи гочинабулаго. Гьеб магIарде гочунаго гIемераб захIмалъи бихьула, чвахухунцIадаз рахъинарурал иххаз гIи унел нухал хвезарун, гьеб бахине кIунгутIиялъ. Росулъа жанисан ине ккани, гIемераб гIакъуба букIуна, росдал администрациялдеги ун босизе ккола ихтияр, гьезги инкар гьабуларо, баркала буго киназего. Гьаниб цо мисал бачинин. Сонцерекъад цIадалги ран, КIуядаса гьоркье иххги бачIун, гIи унеб нухги хвезабун, лъабго бригада букIана гьениб чIун, церехун инеги кIоларого. Гьезул бегавуласул заместитель вуго ГIабдужан. Гьес росдал бегавул Камалудинихъеги ахIун, кумекалъе гIадамалги рачIун, кIудияб кумек гьабуна гIи цояб рахъалде борчIизабизе. Гьезул кумек букIинчIебани, рехьаби хутIизе рукIана гьаб рахъалда жеги ункъо-щуго кьоялъ.

**- АхIмад, нухал кьаразе тамихI гьабулаарищ? Щай гьединазда рагIи абуларого тун бугеб?**

- ГIемерал нухал руго кьан, руго уголовниял делаби гьарунги. Цо-цо бакIазда, судалъул хIукмуялдалъун, рарал бакIал рихххизаризе рихьизарунги руго.

**- ГIухьбузул иш кин бугеб? ГIолохъабиго рачIунищ гьеб иш тIаде босизе?**

- Жакъа бугеб унти ккола гIухьби



щунгутIи. Щайгурелъул жив-живас гьабулеб буго жиндиего яшавги, жидеего гIезабулеб буго 100-200 гIиялъажо. Гьелги хьихьун, батIаго чIолел руго гьел. Я ригь арал, я гIолохъаби щолел гьечIо.

**- Вехьасе кигIанасеб харж кьолеб?**

- Вехьасе щола 60-90 азарго гъурущ, жиндирго гIи хьихьизеги рес букIуна. КигIан бугониги гIолеб жо гуро инсанасе гIарац. КигIан кьуниги, щолел гьечIо гIухьби. ГIи гочунеб заманалда 20 кьо бала нухда, амма щуазарго гъурущ кьойие кьуниги, хIалтIизе рачIунел гьечIо чагIи.

**- ГIи гочинабулелъул ками кколищ? Нагагь ккани, лъица гьеб бецIулеб?**

- Цебе гIадин гьечIо. ЦIогьги букIунаро. Унтараб, лъукъараб камилищха нухдасан унаго. Нагагь камураб жо ккани, гьеб гIухьбуз бецIула.

**- АхIмад, гьеб киналдаго бан щиб дуца абилеб?**

- Дир пикруялда, иш гьадин бугони, росдал магIишаталъул цебетIей ккей щакаб буго. Бокьилаан «Земский доктор», «Земский учитель» гIадал программабазде гъорлъе «Земский чабан» абурабги ккезабуни. Щуго соналъ магIарухъе хIалтIизе рачIаразе миллион гъурущ кьолеб бугелъул, гьебго кьагIида гIухьбузда аскIобги хIалтIизабуни, лъикIаб букIинаан. Цинги парахат рукIинаан щуго соналъ гьабураб кьотIи-кьаялда рекъон вехьги щун.

**- Гьеб масъала Росдал магIишаталъул министерствоялда цебе щай борхулареб?**

- Ункъо соналъ цебего борхун букIана дица гьеб суал. Амма, щаяли лъаларо, тIубалеб гьечIо. Дица министрасда абун букIана «Земский чабан» программа хIалтIизе биччачIого рес гьечIилан абун.

**- «ХIакъикъат» газета гьоркьобккун, щиб абилеб халкъалда?**

- Бокьилаан нухал кьалезда, кьварид гьарулезда абизе, гьаризе кваркьвалал гьаругейилан. Лъелго унел гьечIони, машинабаз магIарде рехулеб гIи унтулеб буго. Щибаб кьойил 15-20 километралъ унеб гIи, машинабаз рехун щвезабуни, гьезие стресс ккoлеб буго.

Дир гьари буго министерствоялдеги, квасул багьаялде кIвар кьейин абураб. Цебе квасудаса букIунаан вехьасе хайир, гьанже гьебги гьечIо. Жакъа цо гIиялъажо кьунцIун унеб буго 150 гъурущ, «Дагъистаналъул мугIрузул тайпаялъул» квас бичулеб буго цо кило 25-30 гъурщиде. Цо чахъдадаса бахъулеб буго лъабго кило. Гьедин кьимат холеб буго росдал магIишаталъул. Квасалъул багьа бахунебани, дагьабгIаги мадар ккелаан.

*Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА*

## СУАЛАЛ-ЖАВАБАЛ

**Богатыревкаялдаса МухIамадова Мадинаца цIехолеб буго: «ГIемерал справкабиги ракIарун, дица щибаб соналъ хьвазе кколищ цого заманалъул гIарцулаб выплата (ЕДВ) ва ветеранлъиялъул бигьалъабазул бакIалда (коммуналиял хьулухъазухъ кьезе кколеб гIарцул рецIел) гIарац кьеян гIарза. ЛъагIалил авалалда гIарза кьезе кватIани, щолищ дие гьел выплатаби?»**

*Гьал суалазе жавабал кьуна юрист ХирамухIамад МухIамадовас:*

- 2011 соналъул 28 январалда ДРялъул хIукуматалъ кьабул гьабураб «Об утверждении порядка осуществления ежемесячной денежной выплаты по оплате жилого помещения и коммунальных услуг отдельным категориям граждан в Республике Дагестан» абураб хIукмуялда рекъон, коммуналиял хьулухъазухъ кьезе гIарцулаб выплата тIалаб гьабизе ихтияр бугел чагIаз, кагътидаги хьван, гIарза кьезе ккола гIумру гьабун ругеб бакIалъул социалияб рахъалъ цIуниялъул идараялде. ГIарзаялда цадахъ рукIине ккола паспорт, пенсионерасул удостоверение ва ветеранасул захIматалъул книжка яги стажалъул хIакъалъулъ справка, СНИЛС, шапакъатазул хIакъалъулъ свидетельстваби ва гIарац рехизе кколеб документ.



ГIарза кьураб кьоялдаса байбихьун, анцIго кьойил болжалалда кьотIула цого заманалъ кьолеб гIарцулаб выплата кьеялъул хIакъалъулъ хIасилияб хIукму.

2012 соналъул 30 октябралда бахъараб РФялъул ЗахIматалъул ва социалияб рахъалъ цIуниялъул министерствоялъул «Об утверждении Административного регламента предоставления Пенсионным фондом Российской Федерации государственной услуги по установлению ежемесячной денежной выплаты отдельным категориям граждан в Российской Федерации» абулеб буюрухъалда рекъон, цо-цо категориялъул чагIазда тIадаблъун гьабун гьечIо щибаб соналъ цого заманаялъ кьолеб гIарцул выплата кьеян абураб гIарза хьвазе. Гьезда гьоркьоре уна: рагъул инвалидазул хьизамазул членал, ветеранал, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи ва рагъулал тунка-гIусиязул ветеранал, Чернобылалъул АЭСалда аварияялда радиациялъул зарал ккарал, ядерниял хIалбихьиязда гIахьаллъарал, гьединго СССРалъул ва РФялъул БахIарзал ва ЗахIматалъул Реццалъул орденалъул тIубарал кавалерал.

*Нури НУРИЕВ*

***11 июналда гІумрудул 73 сон тІубалаан 26 сонил ригьалда нилъедаса ватІалъарав Къородаса хъвадарухъан, «БагІараб байрахъ» газеталъул журналист Багъатар ХІажиевасул.***

***Гьелда бан, нижеда ракІалде ккана гьесул цо-цо асарал гьанир рахъизе.***



Багъатар ХІажиев

# ЦементалъулкъучІби

(махсародул хабар)

Дихъ цІакъго цІакъ чІалгІун вукІарав кинигин, данде ккедал, жакъа Царалас гьикъичІеб чІегІераб-хъахІаб жо течІо дида: дирго сахлъиялъулги, хъизан-лъималазулги, росулъа харбазулги. Амма дица рокьукъго рукІана кьолел гьесие жавабал. Гьелъищали лъаларо, Царалас буго дида гьикъулеб:

**- Щиб, мун ракІхунцинищ?**

- Гуро, гъарин, щай дуда ракІ хвелеб дир. Гьм…

РакІ хунни вукІаравха дун Цараласда, кигІан дир къед цурав мадугьал гьев вукІаниги. Гьелъие гІиллаги кІиго моцІалъ цебе ккараб цо лъугьа-бахъин буго.

ГІемер бицинегІанасеб жо гьеб гьечІониги, гьелдаса нахъе тІуван рихана дида гьев. Рихана дие гьес гьабураб жо кІудияб зараллъун бихьун гуреб, мадугьаласул рекІелъ нахъегІанлъиялъул тІанкІ бихьун. Щибха мадугьалцин дида рихиналъе ккараб гьеб лъугьа-бахъин? Гьале гьеб.

Шагьаралдаги вугелъул, цо лъикІаб минаниги балин диегойилан пикруги рекІелъе кІанцІун, тІалаб гьабиларищ цементалъул анцІго къвачІа. ХІалтІуе байбихьизегІанилан теларищ гьеб, лъикІав мадугьалги вугелъул, божарав чийилан, Цараласул азбаралъуб. Ихдалил хинал къоялги рачІиндал, хІалтІуда квер бан лъикІилан, бахъиларищ дица бисмиллагь. Гьеб мехалъ вортана Цараласухъе цементалъул къучІбузда хадув.

- Дур цементалъул къучІби дир гІанкІабаз…, гуро… чияраз кванан лъугІизаруна, - ян щибго виххичІого жаваб кьуна Царалас.

ГІажаиблъана дун гьеб мехалъ.

**- ГІанкІабаз? Дир анцІабго цементалъул къвачІа, гІанкІабаз кванан лъугІизабуна?**

- У, валлагь, гІанкІабаз кванан лъугІизабуна, - ян рахъ-рахъалде кверал хьвагІана гьес.

**- Я, гъарин, гІанкІабаз цемент кваналебищ?**

- Кваналеб, ле. Кутакалда кваналеб. Нилъеца первый, тарой гІадин кваналеб. Цо дудаго рихьизе лъикІан кІудияб гьира-шавкъалда гьел къучІбузда тІаде ракІарарал гІанкІаби. Сверухъ ругел мадугьалзабицин… валлагь мадугьалзабини рукІинчІо доб мехалъ. Гьереси бицун щай…

Кинго мукІурлъичІо дие Царалав. Цин гьесдаги бахъун, рукІарал киналго анищалги кІалагъоркье щапун, гьасда бицарун пайда гьечІилан пикруги гьабун, гьеб мехалъ нахъе вильлъана дун.

Ва Цараласул азбаралъубе бугеб нуцІа къазейилан нахъе вуссаравго, цебеккун букІинчІеб, гьанже тІаде бараб, ахил рагІалда эхетараб цІияб хІажатханаялда бер речІчІана дир. Гьеб гьарзаго бацун бугоан сверун речІчІараб цементалъ. Гурони цохІо гьитІинабго хІажатхана базе анцІабго къвачІа инищха цементалъул. ЦІад бараб мехалъги, пири речІчІараб заманалдаги махх гІадин букІине щулияб баларищха Царалас гьеб. ГьечІогойищ бугеб цемент. Жиндирго жо гурелъул, гьелда щай барахщилев.

Гьелдаса нахъе араб кІиго моцІида жанив, жакъа дандчІвазегІан, вихьун вукІинчІо дида Царалав. БатІаго вихьизе дие хІажатги букІинчІо гьев. Жакъайин абуни вихьуларищ дир хІал-хІукму цІехолев. Нужеда ракІалде ккезе гуринха, дир мадугьалги вугелъул, хІажатаб жо батани, жиндица кумек гьабизейиланин гьев цІехолдулев вугев. Гуро…

Жинда ракІхун вугищилан гьикъиги бихьулищ асул! Огь, малгІун! ГьечІилан дица абидалги божичІогури ав.

- Ватизе вугоха, ХІасан, мун дида ракІ хун, - илан вуго нахъеги дида гьикъулев.

**- ГьечІо ле, гьадал дур гІанкІабазда ракІ гурхІун вуго,** - ян буго дицаги гьесие жаваб кьолеб. **- Щиб ахІвал-хІалгІаги, вац, дозул бугеб?**

- Дол рикъун ун гурищ ратарал цо сордоялъ ихтилат-кепалъе, гьекъел-бакъалъе данделъарал гІолохъабаз, жидеего закускаялъе, - йилан пашманаб къагІидаялда жаваб кьуна Царалас. – Нахъисеб къоялъ тІаде вахъиналдего цохІо течІогоялъул бутІрул ратана азбаралде рехун.

**- Батиларо, гъарин…**

- У, валлагь.

**- Унго, цо течІого ун батана бикъун?**

- ЦохІо течІогоха, ле.

**- Гьедин батани…**

- Щиб, гьедин батани? - ян гьоркьов къотІизавуна дун Царалас. – ЦІакъ разилъизейищ разилъарав гьел тІагІиналдаса?

**- Гуро, гъарин. Нагагь абун гьаб нухалъги цемент щвани, щибго хІинкъичІого, гьанже дур азбаралда лъезе бегьилаанилан вукІана**, - ян гьимана дун.

## Расул ХІамзатовасе

Дида ккана жакъа, къадруяв шагІир,
Щулиял мугІрузе кинго хвел гьечІин,
ЧІухІарал, хІасратал, ругин гьел рорхун,
Хирияб ракь цІунун, цІа, сангарлъун чІун.

Гуребани нилъер гьаб тІалъиялда,
ТІухьиялъ чан рукъдай гьабун телаан?
ТалавурчагІазул чармил хунжруца,
Хисуларел ругънал чандай лъелаан?!

Амма нилъер мугІрул кинго чучичІо,
Чияр хвалчен хвана чанги гьезда бан…
ГьитІинаб тІалъиялъ Надир-шагьгицин
Щущазе гьавуна ГІандаллъиялда…

Гьелъин дица жакъа мугІрузде вуссун,
Сабурго гьабураб гьединаб пикру:
Пахрулъи мугІрузе хІакъикъат букІун,
БахІарчилъи нилъей рекъараб букІун.

***РакІ-ракІалъго Багъатар ХІАЖИЕВ,***
***ДГУ, 3 курсалъул студент***

## Инсул хІакъалъулъ пикраби

АнцІила щуго сон сверана, эмен,
СогІаб хвелалъ вачун мун аралдаса…
Амма дица жакъа, къого сонги бан,
Сапун бахун, кІкІвана лъелъараб мегеж.

…Дида цебечІола дур хъахІаб гьумер,
Гьеб кьер тІун букІана ахирал къояз.
Къанцилалде цеве гьимана мун дий,
Гьелъ хІасратаб тана асар рекІеда.

Дида макьилъ гІадин цебечІола гьеб –
Гьаругьин бегьана дуца дихъе квер.
Килщал дур рукІана ракъван, загІиплъун,
ЛъалкІ букІинчІо хутІун чІаголъиялъул.

Лъаларо, ахІунищ бачІараб гІажал, -
ГІолохъабаз ана хъамун мун вачун.
РиччичІо дир берал гІодун магІица –
ГІакълу дир доб мехалъ рикІкІад букІана.

АнцІила щуго сон! Гьале жакъа дун,
Дур хабада аскІов эхетун вуго.
Амма доб гьитІинаб лъимерлъун гурев,
Гучал куркьбал ругев мугІрузул цІумлъун.

Мун вацараб ракьул кьер хисун буго,
Буго хал гьабулеб гьелъул лъикІ дица.
ЦокІалго дуда тІад тІирщарал тІугьдуз
ТІолабго сверухълъи кунчІ-кунчІун буго.

Дица тІагъур бахъун, гІодовги кІусун,
КІиябго кверsucceededъ гьел лъухьана, эмен.
Аваданаб гьури, гьурмалъги багъун,
Гьелъ асарги гьабун, гьимана тІугьдул.

Зодисан бакъ буго къалъун ракьалде,
Ракьул чохьонив мун вуго ургъел тун.
Тамашалъи! ГьечІо дур сас рагІулеб!
ГІажаиблъи! ГьечІо дур хьегІи чІвалеб!

Эмен, дида лъала, мун вачІинаро,
ЧІалгІарал нижеда мун вихьиларо.
Амма дур букІараб недегълъи, хинлъи
Халкъалъе дур васас сайгъат гьабила.

Щай дие гьаб гІумру, гІагараб тІалъи,
ТІубан дур махсаро малакь мерхьани?!
Щай дие гьал мугІрул, гІорал, къураби,
Кьварараб хасият дилъ батичІони?!

Дида лъала, дуе гІумруялдаса
ГІагараб букІана гьаб нилъер улка.
Карандаса бахъун, гІодоби речІчІун,
ЧІинтІун рехила ракІ гьелъие гІоло.

Гьелъин дида куркьбал гъолелго ругел!
Гьелъин дие къуват кьолебго бугеб!
Гьелъин дица жакъа, духъеги вачІун,
ЧІухІун гьал тІугьдузда убач гьабураб!

# РикIкIада хутIарай яц

**ГIажаибаб къисмат ккана ГIамиев МамадхIажил ва гьесул хъизан-лъималазул. Гьезул хIакъалъулъ дие бицана мунагьал чураяв МамадхIажил васал Баймирзаца ва Баймурадица.**

**ГIамиев МамадхIажи гьавуна 1934 соналда. 1953 соналъ ахIана армиялде ва хъулухъ гьабизе ккана Ессентуки шагьаралде. Армиялда хъулухъ гьабуна лъабго соналъгун микьго моцIалъ.**

**Армиялда вукIаго, гьесул лъай-хъвай ккана рагъулаб часталда аскIобго букIараб тукада хIалтIулей Колесникова Вералгун. Заманалдасан гьезие гьаюна ясги. Гьей гIурусай йикIана Ростов областалдаса, хIалтIизе гьение ячIарай гIадан.**

**Баймурадихъ ва Баймирзахъ руго гьезул цадахъ чIун рахъарал суратalgи. Цояб суратalda вуго МамадхIажиги Вераги, ясги кодой ккун, цогидаб буго Верал гIагарлъиялда цадахъ бахъараб. Цоги букIун буго вокзалалда, поездалда аскIор чIун, МамадхIажи чемодангун ва Вера ясгун бахъарабги. Гьеб сурат тIагIун буго.**

**ПалхIасил, МамадхIажи вачIана рокъове, нужеда хадув вачIине вугин лъадудаги абун.**

Гьедин уна заман…

МамадхIажи вукIана доя хутIарай гьудулалъухъе ва ясалъухъе щвезе ине хиялалда. Армиялдаса вачIун хадуй ячарай чIужуялдаги бицана гьес Вералги ясалъулги хIакъалъулъ, гьединго бицана лъималаздаги. ЗаманалдасанМамадхIажилгIуна кIудияб хъизан, амма Вераги ясги гьеседа кIочонел рукIинчIо. МамадхIажил хъизан-лъимал рукIана дой ясалъул тIалаб гьабизе, гьей ялагьизе бокьун. КIудияй эбелалъулги гьира букIана рикIкIада йигей васасул яс йихьизе. Амма МамадхIажи гьезухъе щвезе инчIого хутIана. РукIана гьелъие батIи-батIиял гIиллабиги.

МамадхIажи вукIана хIалтIул гурони мацI лъаларев чи, колхозалъул кор боркьараб хIалтIулъа камуларев инсан.

Гьедин ана заман, МамадхIажил лъимал гIуна, хIатта лъималазул лъималцин кIодолъана. Хвана МамадхIажил эбел НаиxIат, ахиратaлде накълулъана живго МамадхIажиги.

Гьайгьай, гьанжесеб гIелалда бичIчIиларо доб заманалда нилъерго Дагъистаналъул шагьараздецин ине букIараб захIмалъиялъул хIакъалъулъ. Дун гIемер гьитIинав чи вукIана МамадхIажидаса, гьесул гIолохъанаб заманалдацин щиб гурин, дир заманалъцин цIакъ захIмат букIана къватIире ине. КъанагIат гурони букIунароан рекIине транспорт, кигIан гIетI тIун хIалтIаниги, щоларoан колхозалдаса ракI разияб мухь.

Баймурадица бицана, советияб заманалда, рец кканила колхозалъул «Кубань» автобусалда рекIун, Ставрополь краялде ине. Цадахъ рукIун руго бихьиналгун руччабиги, эмен МамадхIажиги. СанагIалъи ккедал, эмен анила доя хутIарай гьудулги ясги рихьилародайин абураб хьулгун свери бахъизе. Гьеб букIун буго гьев армиялдаса вачIун 20 соналдасаги цIикIкIун заман араб мех.

- Эмен вачIана, хIасилги ккечIого, жинцаго хъулухъ гьабулеб букIараб рагъулаб частьцин батизе кIвечIого. Школалда цIаличIев МамадхIажил цIализе-хъвазе лъангутIиялъул гIайибги букIун батила гьеб, - ан бицана Баймурадица.

Киданиги йихьичIей яц йихьизе гьира букIана МамадхIажил лъималазул. Росулъ йикIана (гьанжеги йигей) Изамодинил чIужу, гIурус миллаталъул гIадан Ирина. Гьей ккола рагъда хадусел соназ росулъе ритIун рачIун рукIарал учительзаби – рос-лъади Коноплёвазул ясалъул яс. Гьедин МамадхIажил кIудияв вас Баймурад гьелъухъеги ун, хъвазабун буго яц ялагьизе кагъат ва битIун буго «Жди меня» передачаялде.

ГIамиевал цIакъ гьираялда халкккун рукIунаан кидадай гьеб передача бихьизабилаян, жидерго кагътиде ирга щвезе бокьун. Амма хIасил ккечIо.

БачIана цIияб заман, Интернет, социалиял гьинал, батIи-батIиял сайтал. ГIадамал цоцазда лъазаризе бигьалъана. Гьедин, ГIамиевазеги рес щвана яц ялагьизе. «Одноклассники» абураб социалияб гьиналдасан байбихьана яцалъул букIине бегьулеб эбелалъул фамилиялдасан гьей ялагьизе. Ахирги кIвана ятизе: цIарги, фамилияги, яцалъул гьаюраб кьоги дандекколей Колесникова абулей гIадан (ясалъул цIарги, гьей гьаюраб къо-моцIгун сонги, гьелъул эбелалъул фамилияги МамадхIажида хвезегIан кIочон букIинчIо).

Амма гьелъулгун бухьен гьаби бигьаяб иш батичIо. Дагъистаналдаса гIагарлъи лъаларей, гьеб рагIичIей гьелъ, Баймурадил ва Баймирзал цIарал «чIегIераб сияхIалде» рехун, цоцазухъе хъвадари къотIана. Гьедин кканиги, дагъаб жогIаги яцалъул лъазе кIведал, вацал нахъекъан чIечIо.

Гьайгьай, гьей гIаданги йичIчIизе ккеларищха, щалали лъаларел «кавказалъулал» хъвадаризе лъугьиндал, дагьалищ Интернеталда батIи-батIиял зарал гьабулел чагIи рукIунел.

Цо къоялъ ккана гIажаибаб жо, гара-чIвари гьабулаго, ГIамиевазул дурцас бицана, жиндир вацгIаласул чIужу йигила гIурусай ва гьел гIумру гьабун ругила Ставрополь краялъул Георгиевск шагьаралда. Гьеб мехалъ дов васасул якьадгун кIалъан, цIех-рех гьабун лъана, гьезул яц Гергиевск шагьаралъул посёлокалда йикIин. Лъазабун бачIана мухIканаб адресги.

Баймурадги Баймирзаги сапаралъ рахъана, щвана Георгиевскиялде, батана доб посёлокги рукьги. Амма гьей чIужуялъе бокьичIо гьезде дандчIвай гьабизе, гьелдаги щибго лъалеб жо гьечIелъул, хIинкъун йикIинарищха. Гьел ана поселокалъул администрациялде, гьей гIаданалъул мухIканлъи лъазабизе, гьениса справкацин кьун буго гьезухъе, нагагь щиб кин кканиги, милиция бачIине бегьулелъулин абун.

Ахир-къадги гьей гIадан мукIур гьайизе кIвана, ячIана данде ва гьезул букIана рохалилаб дандчIвай, рихьизаруна цоцазда батIи-батIиял суратал. Гьей яцалъул лъималги, лъималазул лъималги ратана. Гьедин цоцазда лъан, жеги ана вацалгун яцал жидерго яцалъухъе щвезе, инеги ратиларищха.



МамадхIажи, Вера ва гьезул яс

### ХадурагIи

Унго-унгояб рекIелаб рокьи, гьуинлъи цоцалъ бижизе жеги цудунго батила. ГьитIинаб къоялдаса нахъе инсул хIеренлъи лъачIей, гьесул квер кквечIей, вацал-яцал лъачIого гIурай гьелда гIайиб гьабизе бакI букIинищ, кигIан вацал-яцазе дой хиралъаниги.

*СалихI САЛИХIОВ*

## Зигара

# ЛъикIаб лъалкIги тун ана

**Гумбет районалъул МелъелтIа росулъа ГIалихан Бегаев гIемерал соназ хIалтIана районалъул культураялъул идараялда. Гьел соназда, ГIалиханил нухмалъиялда гьоркь, гIемераб хIалтIиги гьабуна районалда. Культураялъул рукъзал, библиотекаби лъугьун рукIана рухIиял централлъун, риидалги хасалоги автоклубаз хъулухъ гьабулаан мегIергIалахалда ва хъутабазда ругел гIи-боцIухъабазе.**



Гьединго, Бегаевасул нухмалъиялда гьоркь, культураялъул хIалтIухъабазул коллективаз гIахьаллъи гьабулаан республикаялда тIоритIулел тадбиразда ва кидаго гIадин кколаан цересел бакIалги. Республикаялъул Культураялъул министерствоялъул районазда гьоркьоб хьвадулеб БагIараб байрахъ кIигониги соналъ щун букIана бакълъулазе.

ГIалиханил нухмалъиялда гьоркь ва гьесул жигаралдалъун росабалъ рана культураялъул рукъзал, гьел хьезаруна хIажатал алатаздалъун.

Игьалиб тIобитIун букIараб «Дагъистаналъул кочIол ва поэзиялъул байрамалъул» бетIерав гIуцIарухъанлъунги жавабиявлъунги вукIана гьев.

Культурияб рахъ цебетIезабиялъулъ росарал бергьенлъабазе гIоло ГIалихан мустахIикълъун вукIана «ДРялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан» абураб цIаралъеги.

Гьелдаго цадахъ Бегаев вукIана лъикIав жамагIатчи, кьучIаб рагIул инсан, тIаде босараб иш тIубазабулаан ракIбацIцIадго.

Аллагьасго гьунар кьун букIана гьесие гIумруялъул киналго рахъазулъ ва ишазулъ роцен-гIурхъи бихьизе ва гьеб роцада, ритIухълъиялда рекъон хьвадизе.

Дагьаб цебегIан, 89 сонил ригьалде вахарав гьев, Аллагьасул къадаралде щвана.

**Гьудул-гьалмагъзабаз, гьев лъалелщиназ гьарула БетIергьанасда ГIалихан Алжаналъул агьлулъун гьавун ватагийин абун.**

# МацI кIочараб миллат – куркьбал хIулараб хIинчI

**МагIарул миллаталъул букIинеселъул ургъел гьабулел гIадамазул ракIазе рахIат толареб масъала буго «нилъ кире унел ругел?» абураб суалалда тIад ургъулел миллатцоял тIалъиялда ругодай абураб.**

Масала, паспорталда ва цогидал документазда «аварец», «аварка» абун хъваялъул зарал лъие букIарабали лъаларо. Амма гьеб къагIида хвезабуна ва гьелдалъун къучI лъуна миллиябщинаб хвезабиялъе. Гьедин хъвазе гьукъараб закон батани, халкъалда дандги бан, гьеб хисизабиялъе хIукму гьабизе бегьуларищ?

Дида лъаларо, жакъа щибги кьочIое босун Дагъистаналда гьадигIанасел, Россиялда - гьадигIанасел ва улка бахун къватIир - гьадигIанасел магIарулал ругилан абулебали. Дица рахъкола гIемерал соназ Авар театралъул художествияв нухмалъулевлъун вукIарав ХIайбула ГIабдулгъапуровасул рагIабазул. Гьес абун букIана: «Дица гьедун абулеб буго, магIарул мацI лъаларев чи магIарулав гуро», - ян. Дицаги тIаде жубала: «Живго магIарулавлъун рикIкIунев, амма авар мацI лъаларев - миллаталъе хилиплъарав чи ккола», - абун.

МагIарул районазул басмабазул гьурмазул бащдаздасаги цIикIкIун гIурус мацIалда риччаялда щиб цIар лъелебалиги дида лъаларо. ВахI, гьедигIан мискинаб тарихищха нилъер букIараб, тарихалдаса росунгIагийищ макъалаби магIарул мацIалда рахъизе бегьуларел?

Бищун халатабги захIматабги нух байбихьула тIоцебесеб галудаса. Гьеб гали битIараб нухде ккезабизе гIолеб гIелалъе кумек гьабизе тIадаб гьечIищ мугIалимзабазда, умумузда, халкъиял информациялъул хIалтIухъабазда? Цо-цо росабазул школазде ун, пагьму-гьунар бугел цIалдохъаби лъазарун, кIвар бугел суалазда хурхун макъалаби хъвазе тIамун, гьел казияталда рахъун, «Рахьдал мацIалда - гIолохъанаб гьаракь» яги гьелда релълъараб рубрика рагьун, бегьуларищ хадубккун гьезул ва цогидазул гьира базабулел тадбирал гIуцIизе? Жеги школалда вукIаго хъвадарулаан дун районалъул казиsталде. Дагъабго заманалъ бугониги, хIалтIана редакциялда жавабияв секретарьлъун, унаан командировкабаз росабалъе, дандчIвалаан батIи-батIиял гIадамалгун. Казиятазул тиражги, гьел хъвалелги, цIалулелги цере гIезегIан рукIана.

Кинаб цIар лъелеб цогIаги батIияб миллаталъул чи гьорлъ гьечIеб гIуцIиялъул данделъабазда гIурус мацIалъ кIалъаял гьарулезда? Цо-цо исламиял гIалимзабазцин жидерго вагIза-насихIатазда, кигIанги лъикIал, пасихIал, рекIелъе ртолел магIарул рагIабазул бакIалда хIалтIизарулел руго гIурус мацIалъул рагIаби. Рахьдал мацI рихинищ, щвалде щун лъангутIийищ яги гIурус мацIги лъалеб букIин бихьизабийищ гьеб?

Ахираб заманалда миллатцоязул ракIал роххизарулеб хIужалъун ккола «ХIакъикъаталъулаз» рахьдал мацIалъулги, гьеб мацIалда хъварал асаразулги, мацI цIуниялъул мурадгун бакI-бакIазда тIоритIулел тадбиразулги хIакъалъулъ щибаб номералда гIадин макъалаби рахъулел рукIин. Амма гьебго заманалда пашманлъизе ккараб хIужа буго казиятал хъвалел, хъваниги цIалулел гIадамал къо бахъанагIан дагьлъулел рукIин.

Миллияб мацIалъул букIинесеб цохIо мугIалимзабазде рехун толеб бугони, гIемерисеб заманалъ лъимал рокъор рукIунелъул, эбел-инсуцаги букIине кколеб кIвар кьолеб гьечIони, гьайгьай, кин лъалеб лъималазда рахьдал мацI! МугIалимзабаз хIаракат бахъизе ккела ругел сагIтаздасагIаги пайда босизе, лъималазда гьоркьоб мацI лъаялъул конкурсал гьаризе, батIи-батIиял рагIикьотIал ургъизе тIамун, цо-цо, кIи-



кIи кочIол мухъал хъваялда тIасан къец лъазабун, гIисинал асарал хъвазе гьел ругьун гьаризе.

Дица цебеги мисал бачун букIана кIиго магIаруласул. ЛъикIаланго заманалъ гIурус мацIалда цоцазда гаргадулелги рукIун, ратIалъулелъул цояс цогидасда «къо-лъикI» ва дандияс «нух битIаги, хабар лъикIаб рагIагиян» абулеб рагIидал, лъана гьел магIарулал рукIин.

Нилъеда гIемер рагIула къисматалъ Турциялде рачун, гьенир ва гьединго Закаталаялда ругел магIарулаз магIарул мацI цIунун бугеб куцалъул хIакъалъулъ бицунеб. Щайха гьеб нилъеда рихун бугеб? Щай миллаталъул бищунго хирияб жавгьарлъун кколеб рахьдал мацI магIарул чиясда лъачIого букIине кколеб?! Жакъа мацI кIочараздa, метер кIочене буго тарих, адабиятгун маданият.

Дагъав цеве дун гIахьаллъана ЩIиликь росулъа хъвадарухъан-шагIир Сулайман МухIамаднуровасул «Дунги дир гьудулзабиги» абураб иргадулаб тIехьалъул цебелъеялда хурхун тIобитIараб тадбиралда. Гьенире ахIун рукIана авар адабиятгун маданият бокьулел, гьелъул къадру гьабулел магIарулал. ЛъикIаб, гIахьаллъарал разияб дандеруссин букIана. Амма букIана дун пашман гьавураб цо хIужаги: гIахьаллъаразда гьорлъ рукIинчIо гIолохъанаб гIелалда гьоркьоса рагIул устарзаби. Гьединал магIарул миллаталъул гьезего гьечIогойищ яги гьединал тадбиразул гьезие «тIохде балеб цIадалъулгIанги» ургъел гьечIолъийищали.

Жакъа жалго лъикIал лъугьун миллияб мацIалда тIахьал хъвай ва къватIире риччай гIемер бигьаяб хIалтIи гьечIониги, гьезул бетIергьабазда бихьулеб гьечIо пачалихъалъул рахъалдасан кинабгIаги кумек, рахъкквей. Миллаталъул ургъелги бугел, гьелъул къадруги цIунарал цо-цо спонсоразул квербакъиялдалъун рахъулел руго тIахьал.

Дицагоги басмаялда бахъана кIиго тIехь: «Дир гIагараб Игьали» ва «Лъималазул годекIан» абурал. РакIалда буго, Аллагьас хъван батани, лъабабилеб тIехьги бахъизе. Кинавго чи бачIинахъего хъвадарухъанлъунги поэтлъунги вахъунаро, рукIуна гIунгутIаби, камуларо гьалатIал. Ратила гьел дирги. Гьел рахъиялъул аслияб мурад букIана магIарул мацIги, тарихги, адабиятгун маданиятги цIуни. Амма кIудияб росдал гIумруялда жаниб тIоцебе къватIибе бачIараб, гIемер батIи-батIиял асарал гьорлъе рачараб тIехьалъул росуцоязе гьечIеб бицинегIанасеб кIвар бихьидал, ракIбуссунеб буго.

Аслияб къагIидаялда тIахьал ва магIарул казият-журнал цIалулеллъун ккола 50-60 сонил ригьалдаса тIаде арал гIадамал. Гьанжесеб гIелалъе гьелъул кIварго гьечIо, хIатта мугIалимзабазецин.

Дирго тIахьазул церелъеял гьаризе дун лъугьинчIо, гьезул хIакъалъулъ рагIичIогоги букIунарин, рагIарал, адабиятгун маданияталдехун рокьи бугел гIадамал жалго рачIунин гьел цIехонинги абун. РачIана, хIатта шагьаразда гIумру гьабун ругел росуцоязецин ритIана, мадугьалихъ ругел росабазул гIадамазеги кьуна.

Дирго кIиабилеб тIехьалда эпиграфалъе дица лъун руго гьадинал рагIаби: «МагIарулал» абураб гьотIол «гIаркьалаби» - умумузул иманяхIалъул ва бахIарчилъиялъул бечедаб тарих, адабиятгун маданияталъул гьарзаяб ирс лъугIун уна гьеб гьотIол кьалбал ракъвазе тани, ай гIагараб магIарул мацI нилъер гIумруялъулъа тIагIун ани. Гьел кьалбал ракъвангутIизелъун, хадусел наслабазеги гьарзаго «пихъ» кьолеблъун гьеб «гьветI» цIунизе рагIудалъун ва ишалдалъун кьеркьолел миллатцоязе даимаб рецц!» - абун.

Гьаб накъитги лъугIизе толеб буго гьадинал рагIабаздалъун:

**«Иман чорхолъ бессарал,**
**намус-яхIалъ къвал барал,**
**Рижараб ракь хириял, хадур гIейги наслаби!**
**Умумузул тарихги хирияб рахьдал мацIги**
**Ясбер гIадин цIунизе**
**тавпикъ кьеги Аллагьас».**

*МагЬди ГIАБДУРАХIМАНОВ,*
*Гумбет район, Игьали росу*

# ХIалтIудаго цадахъ хIухьги бахъула

**Нилъер улкаялда 8 июналъ кIодо гьабула «Социалияв хIалтIухъанасул къо». Республикаялда гIезегIан гIадамал хIалтIулел руго халкъалъе социалияб хъулухъ гьабулел центразда.**

Жидерго кIвахI гьечIеб захIматалдалъун гьез гIемераб хIалтIи гьабула ресукъазе, тIалаб-агъаз гьабизе чи гьечIого хутIарал харабазе, инвалидазе, лъимал гIемеразе социалияб хъулухъ гьабизе, гьезул юридикиял, психологиял, медицинаялъул, рукIарахъиналда хурхарал ва цогидалги гIемерал тIалабал тIуразе. Аллагьасул рахъалъ кириялъе гурелги, гьел мустахIикъал руго херазулгун щокъазул баркалабазеги. Гьезда гьорлъ руго «ДРялъул мустахIикъав социалияв хIалтIухъан» абураб цIар щваралги, ЗахIматалъул ва социалияб министерствоялдаса, районазул администрациядаса ХIурматалъул грамотабазе мустахIикълъаралги хIалтIухъаби.



Жидерго байрам кIодо гьабизе, Авар гIурул рагIалда бугеб «ХъахIал къункъраби» турбазаялда дандельана ЧIарада районалдаса Хизирбег Хизирбегов, Хьаргаби районалдаса АхIмад АхIмадов, Хунзахъ районалдаса Загьирбег Атаев, Ибрагьим Ибрагьимхалилов ва Шамил районалъул КЦСОНалъул хIалтIухъаби.

Гьез бицана къойидаса къойиде хисулел ругел хIалтIул тIалабазул, дандрана цадахъ гьаризе бегьулел ишал.

Узухъда, букIана кечI-бакъанги, кьурдабиги, тIагIамаб хурдузул чайгун кванил нигIматалги.

Бищун аслияб жо, цо мурадалъе гIоло хIалтIулел гьел цоцазда лъана ва хадурккун гьединалго пайдаял тадбирал тIоритIизе ниятaлда, тIабигIаталда хIухьбахъиги гьабун, ратIалъана.

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

ЦО-ЦО ГЪАДИНГИ ККОЛААН

# Борис - МахIачхъалаялда



1981 соналъул ихдал МахIачхъалаялъул вокзалалъул майданалда гIагарда букIараб милициялъул отделалде вачун вачIана вихха-хочарав чи. Гъесухъ букIана къватIисеб улкаялда гъабураб бусен-къайиялъе хIажатаб жо жаниб лъураб кIиго хъап. Москваялъул НИИялъул гIелмияв хIалтIухъан **Борис Березовскиясда** ракIалда букIана гьеб къайи Дагъистаналда бичизе. Амма «спекулянт» ккуна ОБХССалъул хIалтIухъабаз.

Къокъабго лага-черхалъул, гIемер хIинкъиялъищ яги нечеялъищали багIарлъараб гъумералъул, магIил цIурал беразул чиясухъа сурав босизе байбихьана доб заманалда следователълъун хIалтIулев вукIарав **Анатолий Къоркъмасовас**.

Борис мукIурлъана гьеб къайи пуланав чиясухъа босиялъе ва жиндиего хайиралъе букIинелъун бичизе Кавказалде вачIиналъе.

ПалхIасил, 10 сордо-къоги бакIалъулаб изоляторалда бан, гьев виччан тана, кинаб бугониги гIайибги гIунтIизабичIого…

2001 соналда къватIибе бачIараб «Труд» газеталъул цо номералда бахъараб макъалаялда экс-следователь Къоркъмасовас бицунеб буго материал судалде битIизе хутIараб жого букIинчIила. Амма тIоцебесеб нухалда милициялде ккун вукIинги, хIалтIулеб бакIалдаса кьураб лъикIаб характеристикаги букIун, Березовский, гIайиб гьечIолъиги тIадчIезабун, виччан танила, делоги къан.

Хадуб нахъа миллиардерлъун вахъарав ва Ельцинил заманалда Кремлялъул «серый кардиналлъун» рикIкIунев вукIарав Борисил гьалмагъ, миллиардер **Леонид Богуславскияс**, «Березовский – это кто?» абураб фильмалда бицунеб буго доб заманалда милициялдаса гьев эркен гьаврав чи ккани **Расул ХIамзатов**.

Богуславскиясул эбел йикIана машгьурай литературовед, шагIир Андрей Вознесенскиясул лъади.

- Дида лъалаан дир эбел Зоя Борисовнаялъул Расул ХIамзатовасулгун лъай-хъвай букIараблъи. Дица эбелалда абуна Борисие кумек гьабичIого гIоларин. Гьарана Расул ХIазатовасухъе ахIейин ва гьеса бичIчIизабейин Боря гIолохъанал гIалимзабазул советалъул председательги кколин, партиялъул члениги вугин абун. Эбелалъ, дир гьариги къабул гьабун, ахIана Расулихъе ва гьес Борис КПЗялдаса къватIиве вачана, - ян бицунеб буго Л. Богуславскияс.

Олигархасулгун гьудуллъун вукIарав бизнесмен **Михаил Денисовас**, «Время Березовского» абураб тIехьалда хъвалеб буго Борис Абрамович МахIачхъалаялъул КПЗялдаса хвасар гьавунин ДАССРалъул прокурорасул заместительлъун вукIарав **Таждудин Бижамовас**.

Амма араб гIасруялъул 90-абилел соназда юстициялъул министрлъун вукIарав Бижамов туснахъ гьавидал, ай кумек хIажалъидал, гьев жинхъе кIалъан вачIанин хъвалеб буго Денисовас, ва гьес абунила, гьечIеб гIайибги гIунтIизабун, жив эркенлъиялдаса махIрум гьавулев вугин.

- Боряхъе ахIизе щолеб гьечIо. (Доб заманалда Борис Березовский вукIиндалха улкаялда бокьараб суал тIубазабизе кIолеб даражаялде вахарав чи). ДуцагIаги хIалбихьe гьесухъе кIалъазе, - ян абуна Таждудиница. - Дун Боряхъе кIалъана, бицана Таждудиние кумек хIажат бугилан. Нилъеца тIубалин гьеб суалин гьесги абуна. Амма пайда щиб, килщида килищ хъвараб жо гьес гьабичIо, - ян хъван буго М. Денисовас.

Борис Березовскияс «хвасар» гьавиялъе ккарал цо-цо цогидалги лъугьа-бахъинал рехсола. Масала, КГБялъулгун гьоркьоблъи букIин. Гьединго СССРалъул юстициялъул министрлъун вукIарав **Владимир Теребиловасул** кумек щвей.

***«Урбеч» тг-каналалдаса***

МУГЪАЖИРЗАБИ

# Нилъерал - ГIиракъалда

Машгьурав разведчик **ГIабдулхаликъ ХIажиевул** «Честь имею» абураб тIехьалда хъван буго ООНалда ГIиракъалъул вакиллъунги Ватиканалда посоллъунги хIалтIулев вукIарав **Висама Аль-Захавил** хIакъалъулъ. Гьесул умумул ккола ЧIохъ росулъа Нахибашевазул тухумалдаса гIадамал.

Аль-Захави вукIана ГIиракъалъул бетIерлъун вукIарав **Саддам ХIусенил** божарав чиги.

Гьединго Аль-Захавил умумузул чи вукIана ГIиракъалъул губернаторлъун вукIарав **МухIамад Фазил-паша Дагъистани**. Гьесул эмен ккола ярагъ гьабиялъе бергьараб махщел букIарав ЧIохъа Давудилав.



МухIамад Фазилил вас **Гъази Дагъистани** цо заманалда вукIана ГIиракъалъул Рагъулал къуватазул генералияб штабалъул начальниклъун. Гьеб улкаялда революция ккун хадуб, 1958 соналда гьев ккана репрессиялде гьоркье ва чIвазе къотIун вукIана. Бицуна гьев гьединаб кьварараб тамихIалдаса хвасарлъун вугин Великобританиялъул премьер-министрлъун вукIарав **Энтони Иденал** ва Индиялъул премьер-министрлъун вукIарав **Джавахарла Нерул** кумекалдалъун.

Гъазил вас **Тимур Дагъистани** вукIана Иорданиялъул машгьурав политиклъун. Гьеб улкаялъул посоллъун хIалтIана гьев Великобританиялда ва Испаниялда.

Гьединго Тимурица ячун йикIана Иорданиялъул принцесса **Басма бинт Талал (сураталда)**. Гьей кколаан Иорданиялъул къирал **ГIабдалла КIиабилесул** үнкъачо.

ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

НекIсияб папирусалда тIад батараб хъвай-хъвагIаялда рекъон, лъимаде йигищ яги гьечIищали лъазелъун, Египеталъул руччаби ролъул ва бугIадул хьоналде тIаде кIущулел рукIун руго. Ролъ тIирщани, гьезда лъалеб букIун буго яс гьайизе йикIин, бугIа тIирщани - вас гьавизе вукIин. Цоябниги тIирщичIони - лъимер ккун гьечIолъи.

* * *

Ахираб 10 соналда жаниб дунялалда тIад миллионеразул къадар гIемерго цIикIкIун буго. Масала, 2012 соналъ 28,5 миллион чи миллионерлъун вукIун ватани, 2022 соналъ гьезул къадар бахана 60 миллион чиясде.

ПалхIасил, бечедал тIадеги бечелъулел, мискинал жеги мискинлъулел руго. Гьоркьохъеб классин абуни, дагь-дагьккун лъугIун унеб буго.

* * *

Гиннессил тIехьалда хъвай-хъвагIай гьабурав Роберт Першинг Уодлоул борхалъи букIана 272 см, цIайи - 199 кг. Гьев хвана 22 сон байдал.

* * *

Инсанас рарал бакIазда ва минабазда гьоркьоб бищун борхатаблъун ккола Дубаялда бугеб Бурдж Халиф. 163 тIала бугеб гьеб минаялъул борхалъи буго 828 метр.

* * *

Жакъа Harmony of the Seas абураб гама рикIкIуна бищун кIудияблъун. Гьелъул халалъи буго 362 метр ва гьелда рекIине бегьула 6500 чи.

* * *

Гиннессил тIехьалда хъвай-хъвагIай гьабураб автомобиль бакIарана Джей Орберг абулев чиясул проекталда рекъон. Гьелъул халалъи буго 30,5 метр. Машиналда буго 26 гьакибер. Салоналъуб буго бассейн, анцIго чи кьижизе рес бугеб бакI, бакъулал ваннабаз черх лъадаризе майдан ва цогидалги квегIенлъаби.

* * *

Дагъистаналда буго Евразиялда бищун борхатаблъун рикIкIунеб салул авлахъ – Сарикум. Гьелъул борхалъи бахуна 252 метралде.

Нусго соналъ цебе гьеб кIиго нухалъ борхатаб букIанин, гьелъул борхалъи соналдаса соналде гIодобе кколеб бугин хъвалеб буго тарихчагIаз.

* * *

Дагъистан Европаялъулищ яги Азиялъулищ бутIаялде гъорлъе кколебали мухIканго чIезабун гьечIо.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактора-лъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместитель**
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
**Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор:
**ПатIимат ГьитIинова**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, I-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гьоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».